**Өзбекистан Республикасы**
**Олий Мажлиси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерин ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды**

**Өзбекистан Республикасы Қызыл Ярым Ай Жәмийети**
**Нөкис қалалық бөлими**

---

**Алламбергенов Аймурза Жолдасбаевич**

# ЖӘМИЙЕТЛИК БЕЛСЕНДИЛИКТИ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДА ВОЛОНТЁРЛЫҚ ҲӘРЕКЕТИНИҢ РОЛИ

*(Оқыў-методикалық қолланба)*

НӨКИС
«QARAQALPAQSTAN»
2016

Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

УДК: 323.22.28(072)
ББК: 74. 2
А-53

**Алламбергенов Аймурза Жолдасбаевич. «Жәмийетлик белсендиликти раўажландырыўда волонтёрлық хәрекетиниң роли».** *(Оқыў-методикалық қолланба).* —Нөкис: «Qaraqalpaqstan» баспасы. 2016-жыл, 32 бет.

«Жәмийетлик белсендиликти раўажландырыўда волонтёрлық хәрекетиниң роли» атамасындағы оқыў-методикалық қолланбада волонтёрлықтың пайда болыў тарийхы, мазмуны хәм ўазыйпалары хаққында кең түрде түсиник бериледи. Сондай-ақ, елимизде волонтёрлық хәрекети менен байланыслы қубылысларға тоқталыў менен бирге, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер тәрепинен алып барылып атырған жумыслар хаққында да сөз етиледи.

Оқыў-методикалық қолланба академиялық лицей, колледж оқыўшыларына, жоқары оқыў орны студентлерине, билимлендириў тараўы хызметкерлерине, мәкеме, шөлкем басшыларына хәм жәмийетлик, сиясий, ҳуқықый тараў белсендилерине арналады.

**Жуўаплы редактор:**

**П.Алламбергенова** — *филология илимлериниң кандидаты, доцент.*

**Пикир билдириўшилер:**

**К.Тангирбергенова** — *доцент, тарийх илимлериниң кандидаты, Қарақалпақстан белсенди хаял-қызлар ассоциациясы баслығы.*

**П.Алламбергенова** — *ҚМУ доценти, филология илимлериниң кандидаты.*

*«Жәмийетлик белсендиликти раўажландырыўда волонтёрлық хәрекетиниң роли» атамасындағы оқыў-методикалық қолланба Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерин хәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фондының қаржыландырыўындағы жойбар тийкарында баспадан шығарылды.*

ISBN 978-9943-4623-9-7

© «Qaraqalpaqstan» — 2016.

Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

# КИРИСИЎ

Елимиз өз ғәрезсизлигине ерискеннен соң барлық тараўларда жаңаланыўлар ҳәм раўажланыўлар жүз берди. Ең тийкарғысы мәмлекетимиздиң раўажланыўының жаңа модели қабылланып, ол бес принципти өз ишине алған ҳалда халқымыздың жарқын келешегине жол ашты.

Президентимиз И.Каримов «Биз өзимизге сай, өзимизге мас (тән) болған, «Өзбек модели» деген ат пенен дүньяда тән алынған раўажланыў жолымызды таңлап алғанымыз, ҳақыйқаттан да, тарийхый бир қәдем болды, десем ҳеш қандай қәте болмайды»[1] — дегениндей халқымыздың дүньяға көзқарасы өзгерди. Раўажланған дүнья мәмлекетлери менен қарым-қатнас жақсы жолға қойылды. Мәмлекетлер аралық тәжирийбе алмасыў есиги ашылды. Ең баслысы, биз өзлигимизди аңладық, миллийлигимизди қайта тикледик. Умытылып баратырған Наўрыз, ораза-ҳайт байрамлары қайта тикленди. Тийкарғысы бир-биримизге деген сыйласық, хүрмет-иззет күшейди, жоқары инсаныйлық идеялар қәлиплести. Миллийлигимизге тән инсаныйлық, қайыр-сақаўатлылық кең ен жайды. Бундай саўаплы ислерди әмелге асырыўда волонтёрлық ҳәрекети де раўажлана баслады. Ол көп жыллық тарийхқа ийе болып, тийкарғы объекти инсан ҳүрметине қаратылған бул кәсип, бизиң күнлеримизге шекем жетип келди ҳәм ол өзиниң әҳмийетин жойтқан емес. Себеби, тез пәт пенен раўажланып атырған турмысымызда айырым, адамлар жәрдемге ҳәм қоллап-қуўатлаўға мүтәж болып гейде жақынларынан жәрдем ала алмай қалыўы мүмкин. Сондай пайытлары оларда басқалардың жәрдемине мүтәжлик сезиледи. Бундай жәрдемди оларға волонтёрлар көрсетеди. Волонтёрлар басқа адамларға ямаса қоршаған орталыққа қандай да бир материаллық пайданы гөзлеместен мүтәжлерге жәрдем бериў ушын өз тилеги бойынша өзиниң ўақты, энергиясы, билим ҳәм көнликпелери менен бөлиседи. Ҳәр бир адам орынлап атырған жумысы жүдә әпиўайы болса да, оның оғада әҳмийетли екенлигине исенгиси келеди. Нәтийжеде, волонтёрлық хызмети пуқаралық характерге ийе. Жумыс тәжирийбеси оның қайырхомлық бағдарын көрсетеди.

Волонтёрлық хызмети әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў, жаслар арасында пидайылық, мийримлилик, әдиллик, адамгершилик, ҳақ кеўиллилик сыяқлы тийкарғы пазыйлетлерди тиклеў ўазыйпаларын орынлайды.

Дүнья жүзиндеги волонтёрлық ҳәрекетин изертлеў объектимиз болып табылады.Мақсетимиз волонтёрлық ҳәрекетиниң тийкарғы аспектлерин, шараятларын ҳәм мазмунын үйрениў.

Нәтийжеде, биз бул методикалық қолланбада дүнья жүзиндеги волонтёрлық ҳәрекетин жасларға түсиндириў, аспектин, шараятын, мазмунын үйрениўди ҳәм бул бағдардағы өзимиздиң алып барып атырған азы-кем жумысларымыздың мақсетлерин көрсетиўге умтылдық. Дәслепки тәжирийбелеримиз болғанлықтан кемшилиги болыўы да тәбийий. Ал, бул ислерди келешекте жетилистириўге ҳәрекет етемиз ҳәм сизлерди қоллап-қуўатлайды деген үмиттемиз.

---

[1] Каримов И. «Она юртимиз бахту иқболи ва буюк келажаги йўлида хизмат қилиш — энг олий саодатдир», Т., «Ўзбекистон», 2015-жыл, 135-бет.



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

## 1. ВОЛОНТЁРЛЫҚ ҲӘРЕКЕТИ: МАЗМУНЫ, ТИЙКАРҒЫ ХАРАКТЕРЛИ БЕЛГИЛЕРИ

Халықты социаллық қоллап-қуўатлаў хызмети бүгинги күнимизде мәмлекеттиң айрықша ўазыйпаларынан болып есапланады. Егер жәмийет социаллық жәрдем субъектине айланса, оның хәр бир ағзасының қорғалыўы сезилерли дәрежеде артады. Социаллық жумыстың кәсиплик сыпатқа шекемги раўажланыў тарийхы өз ара ықтыярлы жәрдем көрсетиўдиң менталитетке тийисли болған үрп-әдет ҳәм дәстүрлерине ийе. Бул дәстүрлер бүгинги күнде жаслар арасында волонтёрлық ҳәрекеттиң раўажланыўының тийкарын қурайды. Волонтёрлық — өзиниң тәбияты бойынша мақсетли, процессуал, мазмунлы, технологиялық компонентлерде социаллық хызмет болып табылады. Волонтёрлық ҳәрекетине қосыла отырып, адам ықтыярлы түрде, яғный ҳеш қандай ҳақы алмастан өзи жасап атырған жәмийетти өзгертиўге, оны жақсылаўға умтылады. Жаслар — көбирек социаллық белсендилик көрсететуғын демографиялық топар, олар ири көлемдеги волонтёрлық ҳәрекеттиң негизи (ҳәзир айырым жағдайларда усындай) болыўы мүмкин.

Жаслардың волонтёрлық хызметинен пайдаланыў потенциалын кем дегенде еки аспектте қарап шығыў мүмкин: жаслар волонтёрлық ҳәрекетиниң жәмийетте жүзеге келген айқын тарийхый жағдайға тәсири; волонтёрлық ҳәрекетиниң бул ҳәрекетке қосылған жас адамның шахсына тәсири.

П.Джорданның пикиринше, волонтёрлық ҳәрекет бир неше нәтийжелерге ерисиўге умтылады. Бир тәрепинен ол турақлы ҳәм беккем жәмийетти дүзиўге жәрдемлеседи, екинши жағынан болса, мәмлекетлик хызметлерди (рентабельли емес, бирақ жәмийетке зәрүр болса, бизнести де) толықтырады.

С.И.Ожеговтың сөзлигинде волонтёрлық ҳәрекет — бийпул социаллық жәрдем, хызмет көрсетиў, майыпларға, наўқасларға ҳәм кекселерге, сондай-ақ, қыйын турмыслық машқаланы басынан кеширип атырған шахсларға ҳәм халықтың социаллық топарына жәрдем көрсетиў бойынша миннетлемелерди ықтыярлы түрде әмелге асырыў, деп тәрийпленеди.

Е.И.Холостованың пикиринше, волонтёрлар — булар мәмлекетлик хызметлерде ҳәм медицина, билимлендириў ямаса социаллық тәмийнат тараўларында бийпул ислей отырып, жумысларды рәсмий емес түрде әмелге асыратуғын яки болмаса ықтыярлылар шөлкеминиң ағзасы болған адамлар.

Волонтёрлық ҳәрекеттиң мазмунының байлығы ҳәм оның мақсетли бағдарланыўының хәр қыйлы болыўына қарамастан, бул қубылыстың улыўма характеристикасы ҳаққында айтыў мүмкин.

Бәринен бурын, ықтыярлы волонтёрлық жумыс пенен қаржы табыў мақсетинде шуғылланбаўы керек, егер қәрежет алса да ол, орынланған жумыстың баҳасынан кем болыўы тийис. Волонтёрлық ҳәрекет ықтыярлы түрде, сырттан мәжбүрлеўлерсиз әмелге асырылыўы керек.

Волонтёрлық ҳәрекет шөлкемлескен ҳәм шөлкемлеспеген түрде, топар болып ҳәм жеке тәризде, жәмийетлик ҳәм жеке шөлкемлерде әмелге асырылыўы мүмкин.



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

Шөлкемлеспеген волонтёрлық ҳәрекет — бул досларға ямаса қоңсыларға күтилмегенде көрсетилетуғын жәрдем: мәселен, балаға қараў, ремонтта ямаса қурылыста жәрдем бериў, кишигирим тапсырмаларды орынлаў, тәбият ямаса адамлар тәрепинен жүз беретуғын апатшылықларға жуўап бериў.

Бул волонтёрлық ҳәрекеттиң барлық тараўларда ең көп ушырасатуғын түри. Шөлкемлескен волонтёрлық ҳәрекет әдетте, коммерциялық емес, мәмлекетлик ҳәм жеке секторда системалы ҳәм де турақлы түрде әмелге асырылады.

Волонтёрлық ҳәрекет оған қатнасыўдың жийилигине қарай толық ямаса арасында қатнасыў менен әмелге асырылыўы да мүмкин.

Өзиниң мақсети бойынша волонтёрлық ҳәрекет төмендегилерге бағдарланады:

· өз ара жәрдемге, бунда адамлар өзиниң социаллық топарының ямаса жәмийеттиң басқа ағзаларына жәрдем бериў ушын волонтёрлық ҳәрекетти әмелге асырады;

· қайыр-сақаўатлылыққа, бунда волонтёрдың өзи кирмейтуғын топардың ағзасы жәрдем объекти болып табылады;

· жергиликли өзин-өзи басқарыўға қатнасыўға, бунда қандай да бир бирлеспениң ағзасы ықтыярлы тийкарда оны басқарыў ҳәрекетине (мәселен, өзин-өзи басқарыўдың аймақлық органларының ҳәрекетине).

Волонтёрлық ҳәрекеттиң тамыры XX әсирдиң басларына барып тақалады. Сол ўақытта Европада биринши дүнья жүзилик урыс тамам болғаннан кейин урыста жәбирленгенлерге жәрдем көрсетиўге таяр адамлар пайда болды ҳәм дәслепки волонтёрлық шөлкемлер дүзилди.

Бүгинги күндеги волонтёрлық — бул дүньяның барлық мәмлекетлеринде өз шөлкемлерине ийе болған, бирақ әлле қашан-ақ миллий шегараларды кесип өткен ҳәм волонтёрлық мийнетти қолланыў шеңберинен шығып кеткен қуўатлы жәмийетлик ҳәрекет болып есапланады. Халық аралық тәжирийбениң көрсеткениндей, үшинши сектор ямаса коммерциялық емес шөлкемлер шеңберинде раўажланбақта. БМШ Бас ассамблеясының қарары менен 2001-жыл Халық аралық волонтёрлар жылы деп жәрияланды.

Пүткил дүньяда жаслардың ықтыярлы ҳәрекети кең тарқалған, ал оның социаллық раўажланыўдағы роли халық аралық дәрежеде баҳаланған. Бирлескен Миллетлер Шөлкеми ықтыярлылықты энергияның, көнликпелердиң, жергиликли шынығыўлардың бай дереги деп тән алады. Көпшилик мәмлекетлердиң ҳүкиметлери ықтыярлылық ресурсларынан пайдаланады, жасларды қоллап-қуўатлаў бойынша мәмлекетлик бағдарламаларды әмелге асырыўда, жәмийетлик машқалаларды шешиўде оның жойбарларын қаржыландырады.

Соңғы он жыллықлар көпшилик еллердиң жаңа тарийхында волонтёрлық ҳәрекеттиң раўажланыўының ең жоқары басқышы болды. Бул ўақыт ишинде ықтыярлылар секторы тез пәт пенен раўажланды ҳәм өзиниң ҳәзирги ҳалаты ушын көпшилик жағдайда жаслардың социаллық белсендилигине, оның мүтәжлерге жәрдем бериўге умтылыўына миннетдар болыўы керек, бунның өзи ықтыярлылықтың тийкары болып есапланады.

Ықтыярлылар регионаллық орайларда ҳәм киши қалаларда, аўылларда жумыс ислейди. Волонтёрлық топарлардың бағдарлары ҳәр қыйлы болып, олар төмендегилер:

· социаллық қорғаў;

· экология;



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

· абаданластырыў;

· алкогольли ҳәм гиябентлик ғәрезлилик профилактикасы, саламат турмыс тәризин үгит-нәсиятлаў;

· ҳуқық қорғаў хызмети;

· тарийхый ҳәм мәдений мийрасларды сақлаў;

· дене тәрбиясы ҳәм ғалаба спорт тараўларында жәрдем бериў;

· билимлендириў, илим, мәденият, көркем өнер тараўларына, шахстың руўхый раўажланыўына жәрдем бериў.

Жеке әмелий ықтыярлылық ҳәрекетинен тысқары, жәмийетлик шөлкемлер бул басламаларды қоллап-қуўатлаў механизмин жедел раўажландырмақта. Ықтыярлы жаслар орайларын дүзиў моделлери ислеп шығылып, турмысқа енгизилмекте. Ықтыярлылар ушын да, олар менен бирге ислесетуғын шөлкемлердиң қәнигелери ушын да арнаўлы билимлендириў бағдарламалары дүзилип, қолланылмақта. Тәжирийбе алмасыў бойынша семинарлар, жаслар бағдарламаларының жетискенликлериниң презентациялары, ықтыярлылар секторының мәмлекетлик структуралар, бизнес ҳәм ғалаба хабар қураллары менен бирге ислесиўин додалаў бойынша дөгерек сәўбетлери өткерилмекте.

Ҳәр жылы дүнья жүзи бойлап жаслардың волонтёрлық ҳәрекети ушын белгили болған бир неше илажлар өткериледи. Олардың шеңберинде көплеген акциялар бирлеседи. Биринши гезекте, бул — Халық аралық ықтыярлылар күни (ХЫК) ҳәм Дүнья жүзилик жаслар хызмети күни.

Халық аралық ықтыярлылар күни Бирлескен Миллетлер Шөлкеми тәрепинен 1985-жылы 17-декабрьде жәрияланған. «БМШ ықтыярлылары» бағдарламасы ХЫК не кең түрде таярланыўды мирәт етип, қатнасыўшы мәмлекетлерге хатлар ҳәм таярлыққа байланыслы өзиниң усынысларын жибереди.

Халық аралық ықтыярлылар күнин өткериўде «БМШ ықтыярлылары» бағдарламасы менен бир қатарда ықтыярлылар хызметиниң халық аралық ассоциациясы (LAVE) да белсенди шөлкемлердиң бири болып табылады. Ол халық аралық ықтыярлылар ҳәрекетине дүньяның жүзден аслам мәмлекетин бирлестирген.

Халық аралық ықтыярлылар күнин шөлкемлестириў процесинде тийкарғы мазмун жаслар волонтёрлық ҳәрекетин қоллап-қуўатлаўға; жас ықтыярлылардың мәмлекеттиң социал-экономикалық раўажланыўына қосқан үлесиниң ҳәм ролиниң тән алыныўына; дүньяның жетекши еллери — Мың жыллық Саммиттеги (2000) БМШ ағзалары тәрепинен қабыл етилген Мың жыллық Раўажланыў Мақсетлерине ерисиўге жәрдемлесиўге бериледи. Олардың ең тийкарғысы кәмбағалшылық көлемин азайтыў болып табылады.

Ықтыярлылар ҳәрекетиниң улыўма республикалық бағдарламасы жобаластырылған регионаллық, жергиликли илажлар тийкарында қәлиплестириледи. Олардың анық мазмуны орынларда ҳәр бир регионның, ҳәр бир аймақлық бирлеспе ямаса шөлкемниң мүтәжликлери менен талаплары есапқа алынған ҳалда анықланады.

Акция өткерилетуғын күнлерде пуқаралар ҳәм шөлкемлер тәрепинен әмелге асырылатуғын көплеген жәмийетлик пайдалы илажлар ҳәм жойбарлар ҳәр жылы мәмлекет бойлап өткерилетуғын акциялардың нәтийжеси болып табылады. Бул акциялар төмендегилерди өз ишине алады: киши районларды абаданластырыў, терек нәллерин отырғызыў, мектеп аймақларын, скверьлерди, парклерди тазалаў, оқыў орынларында қайыр-сақаўатлылық сабақларын өтиў, семинарлар, форумлар, қайырхомлық концертлерин, спектакльлерди шөлкемлестириў, затларды, китапларды,



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

ойыншықларды, ақшаларды жыйнаў бойынша акцияларды өткериў, қартайған, жалғыз баслы адамларға ҳәм майыпларға мәнзилли жәрдем көрсетиў. Сондай-ақ, буған Халық аралық ықтыярлылар күнинде әмелге асырылған ықтыярлы ҳәрекетлердиң жуўмақларын таныстырыў да тән алыўға киреди.

Ықтыярлылардың бәҳәрги акцияларында республиканың барлық жерлеринен ықтыярлылар қатнасып, социаллық әҳмийетке ийе көплеген жойбарларды ҳәм илажларды әмелге асырады: өзлериниң киши районларын абаданластырады, терек нәллерин отырғызады, мектеп әтирапын, скверь ҳәм парклерди тазалайды, қайыр-сақаўатлылық сабақларын өтеди. Олар семинарлар, форумлар, қайырхомлық концертлерин, спектакльлерди шөлкемлестиреди. Затларды, китапларды, ойыншықларды, пул қаржыларын жыйнаў бойынша акциялар өткереди, қартайған, жалғыз баслы адамларға ҳәм майыпларға мәнзилли жәрдем көрсетеди, басқа да жәмийетлик пайдалы жумысларды орынлайды.

Бундай ири ҳәм әҳмийетли илажларды өткериў, сондай-ақ, жаслар бирлеспелери ҳәм шөлкемлериниң күнделикли жумыслары нәтийжесинде дүнья жүзи бойлап миллионлап жас адамлар ықтыярлылар ҳәрекетиниң бағдарламаларын әмелге асыра отырып, жәмийетке пайда келтиреди. Жаслардың ықтыярлылығы жәмийетте социаллық жағдайды муўапықластырыўдың ең нәтийжели усылларының бири болып табылады.

Адамзат тарийхы ықтыярлы ҳәм қалыс жәрдем жат болған жәмийетти ескей алмайды. Бир адам ямаса адамлар топары тәрепинен пүтин бир жәмийетке ямаса айырым адамларға көрсетилетуғын ықтыярлы жәрдем инсаниаттың адамгершилик, қалыс хызмет етиў идеяларына тийкарланған ҳәм табыс табыў, ҳақы алыў ямаса лаўазым текшесинде өсиў мақсетин гөзлемейди. Ол ҳәр қыйлы формада болыўы мүмкин: оған өз ара жәрдемниң дәстүрий түрлеринен баслап тәбият апатшылығының ақыбетлерин сапластырыўға, даў-жәнжеллерди тәртипке салыўға, кәмбағалшылықты сапластырыўға шекемги жумыслар киреди. Ықтыярлы жәрдем өзине жергиликли, улыўма миллий ҳәм халық аралық дәрежедеги, сондай-ақ, шегараларға қарамастан халық аралық бирлеспе дәрежесинде әмелге асырылатуғын ҳәрекетлерди қамтыйды. «Ықтыярлылық», ал заманагөй батыс социологиясында «волонтёрлық» (Volunteerism) түсиниги адамлар тәрепинен бийпул әмелге асырылатуғын ҳәм социаллық әҳмийетке ийе мақсетлерге ерисиўге, жәмийет машқалаларын шешиўге бағдарланған ықтыярлы мийнетти билдириў ушын қолланылады.

«Волонтёр» сөзи французша volontaire, латынша voluntaries деген сөзлерден алынған болып, сөзбе-сөз аўдарғанда «ықтыярлы», «қәлеўши» деген мәнисти аңлатады. XVIII—XIX әсирлерде өз ықтыяры менен әскерий хызметке келген адамлар волонтёрлар деп аталған.

Өзиниң бос ўақтын ықтыярлы мийнетке жумсаўды қәлейтуғын, сондай-ақ, жуўапкершилик сыяқлы пазыйлетке ийе болған қәлеген адам волонтёр болыўы мүмкин. Бүгинги күнде волонтёрлық институты дүньяның көплеген еллеринде тарқалған болып, жәмийет раўажланыўының ең әҳмийетли педагогикалық ресурсына айланды.

Ықтыярлылар жылы деп жәрияланған 2001-жылдың январында қабыл етилген Ықтыярлылардың дүнья жүзилик Декларациясында ықтыярлылық, пуқаралық жәмийеттиң тырнағы, ол өмирде тынышлыққа, азатлыққа, қәўипсизликке, әдилликке болған зәрүрликти келтирип шығарады, деп көрсетилген. Декларацияда атап өтилгениндей, ықтыярлылық — инсаный қәдириятларды сақлаў ҳәм беккемлеў, пуқаралардың ҳуқық ҳәм миннетлерин әмелге асырыў усылы.



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

БМШ ның халықлар, дүньяны өзгертиў күшине ийе, деген идеясын әмелге асыра отырып, ықтыярлылық, сондай-ақ, еллердиң раўажланыў факторы да болыўы мүмкин. Декларация мәдений ҳәм этникалық өзгешеликлерине, динине, жасына, жынысына, физикалық ҳәм материаллық жағдайына қарамастан ҳәр бир ҳаялдың, еркектиң ҳәм баланың ықтыярлылар қатарына кириў ҳуқықын қоллап-қуўатлайды. Барлық адамлар сыйлық алмастан басқа адамларға ўақтын, талантын, энергиясын еркин арнаў ҳуқықына ийе болыўы тийис.

Декларация 1948-жылғы Инсан ҳуқықларының дүнья жүзилик Декларациясына ҳәм 1989-жылғы Балалар ҳуқықлары ҳаққындағы Халық аралық Конвенцияға муўапық жазылған болып, «қәлеген шахс тынышлық ассоциацияларына еркин түрде бирлесиў ҳуқықына ийе» принципинен келип шығады.

Волонтёрлар өзлериниң ҳәрекетине социаллық, мәдений, экономикалық ҳәм экологиялық раўажланыў әсбабы сыпатында қарайды. Декларацияда айрықша атап өтилгениндей, волонтёрлық ықтыярлы таңлаў болып, жеке көзқарас ҳәм позицияларды, пуқараның адамзат жәмийетиниң турмысында белсене қатнасыўын сәўлелендиреди. Ол турмыс сапасының жақсыланыўына, жеке гүллениўге ҳәм адамлардың тилеклеслигиниң тереңлесиўине жәрдем бериўи тийис. Волонтёрлардың биргеликтеги ҳәрекети әдетте, ҳәр қыйлы ассоциациялар шеңберинде әмелге асырылып, әдалатлы ҳәм тыныш жәмийетти қурыў жолында инсанның тийкарғы талапларының әмелге асырылыўына, балансқа келтирилген экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўға, жаңа жумыс орынларының ҳәм жаңа кәсиплердиң жаратылыўына жәрдем береди.

Волонтёрдың ким екенлигин ҳәмме де биле бермейди. Сөзликке қарасақ, французшадан аўдарғанда ол «ықтыярлы адам» дегенди аңлатады. Яғный, волонтёр — бул жақын адамларына өз ықтыяры менен жәрдем беретуғын, буның ушын ҳеш қандай ҳақы талап етпейтуғын адам. Оның өз хызметлери ушын алатуғын сыйлығы — адамлардың миннетдаршылығы.

Буннан тысқары, волонтёрлар пайдалы билимлерге, жаңа танысларға ийе болады, түрли адамлар менен қатнасады. Ең баслысы, волонтёрлар жәмийетке пайдалы адамлар екенин сезиўинде. Усындай сезимлер тийкарында волонтёрлар өз елиниң раўажланыўы ушын пүткиллей бийпул хызмет етеди.

Волонтёр (ықтыярлы) — бул ҳәр қыйлы социаллық әҳмийеттеги компания-ларда зәрүрли мағлыўматларды тарқатыўда, жәмийетлик акцияларды таярлаўда ҳәм де өткериўде ҳәм басқа да илажларда қатнасатуғын (пүткиллей бийпул) адам.

Дүньяның көплеген мәмлекетлеринде волонтёрлық шөлкемлер ҳәрекет етеди. Волонтёрлар, волонтёрлық шөлкемлер қоңсылас республикалардан Тәжикстанда да пайда болған. Бирақ, олардың жумыслары бизиң мәмлекетимиздеги алып барылып атырған кең көлемдеги жумысларға салыстырғанда тәжирийбесизлик сезиледи. Соларды итибарға алып, Тәжикстанда волонтёрлық ҳәрекетин жетилистириў ҳәм раўажландырыў мақсетинде 2013-жылы «Волонтёрлық хызмети ҳаққында»ғы Нызам қабыл етилген.

Волонтёр — бул волонтёрлықты раўажландырыўға, ықтыярлылық ҳәм белсенди-лик принциплерине тийкарланған волонтёрлық ҳәрекетти әмелге асырыўға өзиниң үлесин қосатуғын физикалық шахс, сырт елли пуқаралар ҳәм пуқаралығы жоқ шахслар.

Волонтёр — пул алмастан социаллық әҳмийеттеги жойбарларды әмелге асырыўға өз үлесин қосыўға урынатуғын адам.

Волонтёрлық хызмет — бул кең түрдеги ҳәрекет шеңбери болып, өз ара жәрдемлесиўдиң дәстүрий формаларын, жәмийеттиң раўажланыўы жолындағы басқа да жумысларды өз ишине алады.



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

Бул хызметте ақшалай хошаметлеў баслы орынды ийелемейди. Әпиўайыластырып айтқанда, волонтёрлық мийнетке ҳақы төленбейди. Билим ҳәм көнликпелерге ийе болмаған адамға ақша төлеў ақылға да сыймайды. Бирақ, бул волонтёр пүткиллей пулсыз ислейди дегенди аңлатпайды. Волонтёрлар өзлериниң ҳәрекетлерине ҳәптесине алты ҳәм оннан да көп саат жумсайды. Волонтёрлар — тек альтруистлер (басқаларға жақсылық етиўшилер) ғана емес, олар тәжирийбе топлаў, арнаўлы билим ҳәм көнликпелерге ийе болыў, жеке қатнасықларды орнатыў ушын ислейди.

Әдетте, волонтёрлар өзлериниң бос ўақытларын жәрдемге мүтәж адамларға жумсайды. Волонтёрлар қариялар үйиндеги кексе адамларға жәрдем береди. Адамлардың мүтәжлиги ушын керек болған затларды жыйнаўды шөлкемлестиреди. Адамларға социаллық машқалаларды шешиўге жәрдемлеседи. Имканияты шекленген адамларға белсене жәрдем көрсетеди. Буннан тысқары, волонтёрлар балалар үйлери менен емлеўханаларда да белсене жумыс алып барады, балаларға жәрдем береди. Олар балалар ушын керекли затларды жыйнайды, донорлар излейди, бос ўақытларын кеўилли өткериўге жәрдемлеседи.

Жийи жағдайда волонтёрлық ҳәрекет — бул ҳақы төленетуғын жумысқа туўры апаратуғын жол. Волонтёрларда ҳәмме ўақытта да өзин жақсы тәрептен көрсетиўге, ҳәр қыйлы тараўларда сынап көриўге имканият болады.

Мәмлекетлик емес ҳәм жәмийетлик шөлкемлер ушын волонтёрлық — тек мийнет ресурсы ғана емес, ал кадрлар устаханасы болып та табылады. Көпшилик шөлкемлерде адам ең дәслеп ықтыярлы болып ҳәрекет етеди. Кейин, соның ишинде штатлық бирге ислесиў (төлемли тийкарда) адамның қәйтип ислеўине, оның шөлкемге сиңисиўине ғәрезли болады.

Адам ушын волонтёрлық — бул социаллық тәжирийбе топлаў, хызмет лаўазымында көтерилиў ушын мүмкиншилик. Сондай-ақ, ол коммерциялық емес хызмет пенен танысыўға, өзин «үшинши сектор»да сынап көриўге имканият жаратады.

Көпшилик волонтёрлар ўақыттың өтиўи менен өзлериниң мәмлекетлик емес шөлкемлерин дүзип баслайды, өзлериниң авторлық социаллық жойбарларын ҳәм басқа да ҳәрекетлерди әмелге асырады. Яғный, буннан былай волонтёр, өзи қәлеген волонтёрлық жумысты шөлкемлестиреди. Бунда оған басқа волонтёрлар жәрдем береди. Волонтёрлық ҳәрекет дослық мүнәсибетлерге тийкарланады. Сонлықтан да, волонтёр болған адам ҳайран қаларлық қатнасықлардың қатнасыўшысына айланады: Сен керексең!

Буннан тысқары, волонтёр — ҳәзирги жәмийетке оғада керек адам. Қәнигелердиң тастыйықлаўынша, волонтёрлық ҳәрекеттиң келешеги жоқары. Волонтёрлық адамларда болып атырған ҳәдийселер ушын жуўапкершилик сезимин күшейтеди.

## 2. ВОЛОНТЁРЛЫҚТЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ҲӘМ ҚӘЛИПЛЕСИЎ ТАРИЙХЫ

Айырым мәмлекетлерде волонтёрлық системасы улыўма әскерий миннет енгизилгенге шекем армия қатарын толықтырыўдың (мәселен, Уллыбританияда 1914—1918-жыллардағы Биринши жер жүзилик урысқа шекем) тийкарғы усылы болып келген. XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң биринши ярымында Австро-Венгрия, Франция ҳәм Италияда турақлы армия қурамына қосылып турған волонтёрлық батальонлар ҳәм полклар ҳәрекет еткен. XIX әсирдиң екинши ярымында мәмлекетлердиң көпшилигинде волонтёрлық системасы өзиниң



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

әҳмийетин жойтты; ол тек Уллыбританияда (1961-жылдан баслап) армияны толықтырыўҳәм айырым еллерде, әсиресе, урыс пайытында турақлы армияны толықтырыў усылы сыпатында ғана сақланып қалды.

Улыўма алғанда, волонтёрлық социаллық хызмет идеясы сыпатында «социум» сыяқлы ең ески түсиниклерден саналады. Адамзат тарийхы ықтыярлы ҳәм қалыс жәрдем идеялары жат болған жәмийетти еслей алмайды. Жәмийетте өзлери туўылған ҳәм жасаған орталықтың ийгилиги ушын хызмет ететуғын адамлар барлық ўақытта да табылып турған.

Алғашқы жәмийетлердиң барлығында еки тәреплеме жәрдем аўыллық жерлерде тиришилик етиўдиң зәрүрли шәрти болғаны ҳақыйқат. Адамлар биргеликте зүрәәтти жыйнап алды, үйлер қурды, жолларды оңлады. XIX әсирдеги индустрияласыў, ақша ролиниң көтерилиўи, булардың ақыбетинде тилеклеслик ҳәм өз ара жәрдем сыяқлы қәдириятларға зыян жеткизген болыўы итимал.

1920-жылы бул қәдириятлар Биринши жер жүзилик урыс келтирип шығарған ғәзепке қарсы шара сыпатында қайта тикленди. Сол жылы жазда Австрия, Англия, Германия ҳәм Швециядан жыйналған волонтёрлар топары — олардың айырымлары бурынғы әскерлер, яғный бурынғы душпанлар Вердун қаласы жанындағы миллионлап өмирди алып кеткен саўашта қыйраған аўылды қайта тиклеў мақсетинде жыйналды.

Адамзат тарийхындағы бул биринши волонтёрлық лагерьден биринши волонтёрлық ҳәрекет келип шықты, ол ҳәзирги ўақытқа шекем ҳәрекет етпекте. Бул ҳәрекет французша Service Civil International (Халық аралық Пуқаралық Жәрдем), қысқаша S.C.I. деп аталады.

1920-жылларда волонтёрлық жәрдем кең тарқалды ҳәм 1930-жылларға келип S.C.I. дың тәрепдарлары көбейди. Ол ўақытлары бундай шөлкемлер Европа мәмлекетлери жасларының арасында дослық мүнәсибетлерин орнатыў усылы сыпатында баҳаланатуғын еди. 1929-жылдағы аўыр кризис пайытында АҚШ тан баслап Болгарияға дейин көплеген мәмлекетлер жумыссыз жүрген жас адамларды қандай да бир жәмийетлик пайдалы ис пенен бәнт етиў, усының арқасында оларға төсек ҳәм аўқат таўып бериў ушын волонтёрлық ҳәрекетлерди шөлкемлестирди. Тилекке қарсы, бундай халық аралық тынышлық идеялары Hitlerjugend Arbeitsdienst немец жумысшы бригадалары (гитлерюгенд «Мийнетке мәжбүрийлик» — фашистлик Германиядағы шөлкем), сондай-ақ, тоталитар мәмлекетлердеги басқа да шөлкемлер тәрепинен бузылды ҳәм бағдары өзгерди.

1934-жылы S.C.I. кәмбағалларға жәрдем бериў ушын европалы төрт волонтёрды Ҳиндстанға жиберди. Бул команда British Volunteer Programme, US Peace Corps, Deutsche Entiklungsdienst шөлкемлерине ҳәм узақ даўам еткен волонтёрлық акцияларын баслаўшы басқа да топарларға тийкар салды. Өз гезегинде бул шөлкемлер БМШ ның волонтёрлық бағдарламасына тийкар салды. Екинши дүнья жүзилик урыстың ақырында жас волонтёрлар Европаны қайта тиклеўге қатнасты. Олардың Варшаваның орайының қурылысындағы, батыс Европаның қыйраған қалаларын қайта тиклеўдеги, Югославиядағы Bratsvo-Edinstvo (Туўысқанлық-Бирлик) автомагистралын қурыўдағы хызметлери халық аралық дослық қатнасықларының орнатылыўына алып келди.

Салқын Урыс пайытында адамлардың жүреги ҳәм санасын «музлатыў» қәўпи жүзеге келди. Бул қәўип сонда, адамлар волонтёрлық жәрдемнен суўыды ҳәм волонтёрлық бәсекилеслердиң қолындағы қүдиретли қуралға айланыўы мүмкин еди. Бирақ, ЮНЕСКО ҳәм оның 1948-жылы дүзилген Халық аралық Волонтёрлық



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

Шөлкемлердиң Координациялық Комитетиниң жәрдеминде шығыс ҳәм батыс волонтёрлық шөлкемлери Темир Перде астында тат басып қалмады. 1960-жыллардың басында американлылар бурынғы Кеңес ҳүкимети, Германия ҳәм Венгриядағы халық аралық волонтёрлық жумысшы лагерьлерде қатнасты, ол жерлерде ҳақыйқый дослық, тәжирийбе алмасыўлар жүзеге келди. Шығыс волонтёрлары да батысқа саяхат етти.

Азия, Африка ҳәм Латын Америкасында миллий волонтёрлық ҳәрекетлер колониаллық басқарыўдан азат етилгеннен кейин пайда болды. Олар жүдә кишкене ҳәм әззи шөлкемлер болып қәлиплести. Нигериядағы Lagos Voluntary Workcamps Organization шөлкеми сондай жарлы болып, ҳәтте почта маркаларын да ала алмайтуғын еди. Оның ағзалары потенциал волонтёрларға мирәтнамаларды пияда жүрип тарқататуғын еди. Басқа операциялар көлемлирек болды: 1960-жылы Кубадаға саўатсызлықты дерлик сапластырған волонтёрлық күштиң тийкарын 15—18 жас арасындағы мектеп оқыўшылары қурады.

1960-жыллары раўажланып атырған еллерге жәрдем бериўдиң көп жыллық бағдарламалары басланды. Әйне сол ўақытта оларды сиясаттан жырақластырыўға шақырықлар жүргизилди. Салқын Урыста волонтёрлардан әскер сыпатында пайдаланыўдың алдын алыў ушын БМШ волонтёрлар корпусин шөлкемлестирди. 1950-жылларда-ақ ЮНЕСКО атынан регионаллық орайларда АҚШ ҳәм Иорданиядан келген онша үлкен болмаған волонтёрлар командалары жумыс иследи. Олардың мақсети — араб еллериндеги (Сирс эль Лаййан, Египет) ҳәм Латын Америкасында (Патцкуаро, Мексика) жасы үлкен адамларды саўатландырыўдан ибарат болды. Дүнья жүзи волонтёрлар ҳәрекетиниң гүллениўи 1970-жылларда БМШ ның Волонтёрлық Бағдарламасының дүзилген дәўирине туўра келди.

Волонтёрлық ҳәрекеттиң бундай қысқа тарийхының соңғы бөлими өткен әсирдиң ақырындағы еки аспектти өз ишине алады. Биринши аспект — өзинде миллийлик жоқары мәнаўиятлылық, инсаныйлық пазыйлетлер алға сүрилген мәмлекетлерде волонтёрлық ҳәрекетти раўажландырыў волонтёрлықтың жаңа түрлерин жүзеге келтириў.

Екинши аспект жасқа байланыслы: раўажланған еллердиң турғынларының өмириниң узайыўы ҳәм денсаўлығының жақсыланыўы менен пенсия жасындағы тәжирийбели волонтёрлар тек өзиниң ўатанында ғана емес, ал сырт еллерде де өз хызметлерин усыныўдан қанаатланыўшылық алады.

## 3. ВОЛОНТЁРЛЫҚ КӨП МИЛЛЕТЛИ ҚУБЫЛЫС СЫПАТЫНДА

Япония, АҚШ, Канада, Австралия, Англия, Италия ҳәм басқа да раўажланған еллерде ықтыярлылық ҳәрекети демократиялық принциплерди сақлаўға ҳәм беккемлеўге жәрдем береди. Биринши гезекте бул қарарларды қабыл етиў процесине көп адамларды тартады, деп есаплайды. Бул еллердиң ҳүкиметлери ықтыярлылық ҳәрекетин ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлайды. Олар бул ҳәрекеттиң раўажланыўын хошаметлейтуғын ҳәр қыйлы нызам ҳүжжетлерин басып шығарады. Мәмлекетлик ықтыярлылар орайы системасын ҳәм арнаўлы ықтыярлылар бағдарламаларын дүзеди. Мысалы, Японияда ықтыярлылар орайы системасы ҳәрекет етеди. Бул системаға улыўма миллий, префетуралық ҳәм муниципаль орайлар киреди. Бундай орайлар барлық муниципалитетлерде, сондай-ақ, жеке секторда бар. Япония мәмлекетинде министрликлерине волонтёрлық ҳәрекетин жеделлестириў ўазыйпасы жүкленген.



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

АҚШ та волонтёрлық ҳәрекети XX әсирдиң 30-жылларында өзиниң шыңына шықты, сол ўақытларда онда 3 миллионға шамалас жаслар қатнасты. Civilian Conservation Corps (CCC) волонтёрлық шөлкеми президент Франклин Рузвельт тәрепинен жумыссызлық дәрежесин азайтыў ҳәм сақлаў бойынша әҳмийетли жумысты орынлаў ушын дүзилди. Оның ҳәрекетин халықтың 90 % ке шамаласы қоллап-қуўатлады. Волонтёрлық ҳәрекеттиң келеси шоққысы президент Кеннеди «Тынышлық Хызметкерлери» шөлкемин дүзген 1961-жылға туўра келди. Бул шөлкем университетлердиң көпшилиги тәрепинен қоллап-қуўатланды. Кеннедидиң «Тынышлық Хызметкерлери» қурамында қатнасыўды армия хызметине альтернатив сыпатында қараў керек деп билдиргенинен кейин бундай табысқа ерисилди. Бирақ, кейинирек ол бул идеядан бас тартты. Себеби, ол оғада инновациялы характерде еди.

70-жылларда президент Картер CCC ти қайта тикледи. Бирақ, ҳәрекетке оғада аз сандағы адам қосылды. 80-жылларда президент Рейган CCC тиң қайта тиклениўин қоллап-қуўатламады ҳәм волонтёрлық ҳәрекет төменлеп кетти. Сол жылларда тек 8 мың жас ғана ҳәрекетке қатнасты. 1993-жылдан баслап, президент Клинтон дәўиринде волонтёрлық ҳәрекет ең үлкен көлемге жетти. Клинтон бағдарламасының бир айырмашылығы сонда, ол жасларды жоқары оқыў орынларында оқыўға шекем де, оны тамамлағаннан кейин де жаслар хызметине қойыў керек, деп баслама көтерди.

АҚШ та мәмлекет ықтыярлылар ҳәрекетин белсене қоллап-қуўатлады. 2003-жылы Д.Буш хызмет ҳәм пуқаралық қатнасық бойынша Президент кеңесин, бир жыл бурын болса жәмийетлик басламадағы жумысларды қоллап-қуўатлаў ҳәм муўапықластырыў ушын АҚШ азатлық Корпусын дүзди. Ол сондай-ақ, Б.Клинтон тәрепинен шөлкемлестирилген Америка корпусы ҳәм Миллий хызмет корпорациясын да қоллап-қуўатлады. Бурынғы президентлердиң ўақтында ықтыярлы жәрдем орайлары тармағы дүзилип, ықтыярлылардың мийнетине тийкарланған бир қатар мәмлекетлик бағдарламалар басланған еди. Бул бағдарламалар корпорациялардың ықтыярлы бағдарламалары менен толықтырылды.

Ықтыярлылар ҳәрекетиниң тек социаллық, экологиялық ҳәм басқа да «дәстүрий» машқалаларды шешиўге ғана емес, ал терроризмге қарсы гүресиў ислерине ҳәм қәўипсизликти тәмийинлеўге де сезилерли үлес қоса алатуғынын биринши болып АҚШ та түсинди. 2001-жыл 11-сентябрьдеги жарылыўдан кейин Буш администрациясы жәмийетлик пайдалы жумыслардың тәсирин арттырыўға бағдарланған улыўма миллий ықтыярлылық бағдарламасын кеңейтиўди нәзерде тутатуғын нызам жойбарын усынды. Бул жумысларды муғаллимлер, медиклер, өрт өшириўшилер, полиция ҳәм айрықша жуўап бериў хызметиниң хызметкерлери орынлаўы тийис еди. Бул режеге муўапық, арнаўлы көнликпелерге ийе болған, барлық ўақты ҳәм энергиясын өзлери орынлаўға таяр болған ықтыярлыларға административлик ўазыйпаларды мойнына алыў усыныс етилди. «Қай жерде ҳәм қашан болса да жүз берген айрықша жағдайлар менен шуғылланыўға таяр ҳәм уқыплы ықтыярлылардың шөлкемлескен тармағын дүзиў», биринши гезекте, «үйлердиң, елатлы пунктлердиң, мектеплердиң қәўипсизлигин тәмийинлеў» бойынша қойылған ўазыйпаға «мәмлекеттиң ишки қәўипсизлигин тәмийинлеўде ықтыярлылардың қатнасыўы кешиктириўге болмайтуғын зәрүрлик» деген усыныслар, мүнәсибетлер билдирилген.

Қәўипсизликти тәмийинлеўде пуқаралардың қатнасыўын шөлкемлестириў тек Америка ушын ғана емес, ал жәҳән жәмийетшилигиниң басқа еллери ушын да әҳмийетли.



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

Германияда волонтёрлық турмыслық билим ҳәм тәжирийбе топлаў ушын әжайып мүмкиншилик деп есапланады. Ҳәр бир үшинши пуқара, яғный Германия халқының 34% и волонтёр болып, олар айына 15 сааттан аслам ўақтын ықтыярлылар ассоциацияларындағы ҳәм өз ара жәрдем топарындағы жумысларға, жойбарларға арнайды.

Германияда 70 мыңға шамалас коммерциялық емес шөлкемлер бар. Олардағы ықтыярлы басламаларда 2 миллионнан аслам адам бәнт. Германияда «Социаллық жыл ҳаққында» нызам қабыл етилген, яғный орта мектепти питкергеннен кейин жас адам 1 жыл даўамында социаллық жумыс пенен шуғылланыўы мүмкин. Бул келешекте оның жумысқа орналасыўында айрықша әҳмийетке ийе болады. Германияда Ықтыярлылар орайы системасы кең тарқалған. Олар дерлик ҳәр бир қалада ҳәрекет етеди ҳәм бул орайларға шөлкемлер менен волонтёрларды бирлестириў, олардың арасындағы мүнәсибетлерди уйғынластырыў жүкленген.

Барлық потенциал волонтёрлардың төрттен үш бөлеги — ҳаял-қызлар, 15% ке шамаласы — пенсионерлер. Жумысшылар 20% ке шамаласын, ал оқыўшылар менен студентлер 5% тен зыятырағын қурайды. Ықтыярлылардың ярымынан көбиси — жумыссызлар. Ықтыярлы болыўдың себеплеринин бири — келешекте жумысқа орналасыў ушын жаңа мүмкиншиликлерди излеў, мийнет базарында турақласыў болып табылады.

Францияда ересек адамлардың 19% и өмиринде бир мәрте болса да волонтёрлық акцияларда қатнасқан. Олардың 60% и ықтыярлы жумысларда турақлы қатнасып, буның ушын айына 20 сааттан артық ўақтын сарплайды. Көпшилиги басқаларға жәрдем бериў тилеги күшли болғаны ушын волонтёрлыққа қызыққан.

Японияда халықтың 26% и өтмиште волонтёрлық тәжирийбесине ийе болған. Олардың 48% и ықтыярлы мийнеттиң жеке ҳәм жәмийеттиң раўажланыўы ушын пайдалы екенлигине исенеди.

Ирландияда халықтың 33% ке шамаласы волонтёрлар болып табылады. Волонтёрлық жумысқа сарпланған ўақыттың улыўма муғдары жылына 96,454 жумысшы саатты қурайды. Халықтың 72% и волонтёрлар ҳақы төленетуғын хызметкерлер ислей алмаған жумысларды әмелге асырады, деп есаплайды.

Бүгинги күнде волонтёрлық шөлкемлер дүньяның 80 мәмлекетинде ҳәрекет етеди. Бул еллердиң ҳүкиметлери волонтёрлық ҳәрекетти қоллап-қуўатлайды.

1990-жылы 14-сентябрьде Парижде болып өткен Ықтыярлы күшлердиң халық аралық ассоциациясының XI дүнья жүзилик конференциясында Волонтёрлардың улыўма декларациясы қабыл етилди. Онда ҳәрекеттиң мақсет ҳәм ўазыйпалары, тийкарғы принциплери белгиленген.

## 4. ХАЛЫҚ АРАЛЫҚ ВОЛОНТЁРЛЫҚ БИРЛЕСПЕЛЕР

Ҳәзирги ўақытта дүнья жүзинде бир қатар халық аралық волонтёрлық бирлеспелер ҳәрекет етеди. Бул ықтыярлылық хызметинин дүнья жүзилик көлемде ҳәрекет етиўинде анықлаўшы ҳәм глобал роль ойнайтуғын бирлеспелер топары болып табылады.

UNV (United Nations Volunteers). БМШ волонтёрлары тиккелей БМШ ға бағынатуғын шөлкем болып, планетамыздағы айқын әмелий ўазыйпаларды шешиў ушын ықтыярлылықты раўажландырыў ҳәм ықтыярлыларды мобилизациялаў жолы менен турақлы глобал раўажланыўды қоллап-қуўатлайды. 2003-жылдың апрелинде БМШ ға ағза еллердиң дерлик барлығында қашқынлар, ВИЧ-инфекциясын



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

жуқтырғанлар, балалар, майыплар менен ислесетуғын; балалар ҳәм ересеклер тәлими, денсаўлықты сақлаў, қаланы раўажландырыў, сайлаў ҳуқықы ҳәм сайлаўшылардың ҳуқықын қорғаў, ҳаял-қызлардың гендерлик теңлиги ҳәм ҳуқықы менен шуғылланатуғын 4000 ға шамалас БМШ Волонтёрлары есапқа алынған.

SCI (Service Civil International). 1920-жылы дүзилген Халық аралық волонтёрлық шөлкеми болып, дүнья жүзинде 33 бөлими бар. Оның ўазыйпасына тынышлық идеясын раўажландырыў, халық аралық өз ара түсинисиў ҳәм бирлик, социаллық әдиллик ҳәм қоршаған орталықты қорғаў киреди. SCI диң тийкарғы хызмети халық аралық волонтёрлық жойбарларды, семинарларды, қысқа, орташа ҳәм узақ мүддетли волонтёрлық бағдарламаларды, тәлим тренинглерин ҳәм халық аралық тәжирийбе алмасыўды шөлкемлестириўге қаратылған.

YAP (Youth Action for Peace). Өз жумысын 1923-жылы баслаған Халық аралық жаслар шөлкеми. Тынышлық идеяларын ҳәм мәмлекетлер арасындағы бирге ислесиўди алға сүреди ҳәм әскерий ҳәрекетлерге қарсы белсене қатнасады. YAP 15 мәмлекетте өзиниң бөлимлерине ийе ҳәм сиясий белсенди жасларды ықтыярлылық ҳәрекетине бирлестиреди. YAP урысқа қарсы волонтёрлық жойбарларды, семинарларды ҳәм тренинглерди шөлкемлестириў, әскерий жәнжеллерди тыныш жол менен шешиў усылларын ислеп шығыў, қашқынлар, социаллық қорғаўға мүтәж топарлар, сиясий партиялар ҳәм шөлкемлер арасында урысқа қарсы ҳәм тынышлық идеяларын ен жайдырыўды шөлкемлестириў менен шуғылланады.

ICYE (International Cultural Youth Exchange). ICYE федерациясы өз жумысын 1949-жылы баслады. Африка, Азия, Европа ҳәм Латын Америкасы еллеринде ICYE ниң 30 дан аслам бөлими бар. ICYE миссиясы халық аралық өз ара түсинисиў ҳәм тынышлықты тәмийинлеўде жаслардың волонтёрлық белсендилигин раўажландырыўдан ибарат. Глобал билимлендириў ҳәм халық аралық мәдений тәлим-тәрбия, балалар, қариялар ҳәм майыплар менен бирге ислесиў; балалар орайларын, экологиялық жойбарларды шөлкемлестириўде ICYE бағдарламасының тийкарғы еки принципи болып табылады.

Alliance (Alliance of European Voluntary Service Organizations). 1982-жылы тийкар салынған Европа волонтёрлық шөлкемлери аўқамы, халық аралық бирге ислесиў, тынышлық ҳәм өз ара түсинисиў идеяларын алға сүретуғын қысқа ҳәм узақ мүддетли волонтёрлық жумысшы лагерьлерди муўапықластырыўға қәнигелестирилген Европа миллий волонтёрлық шөлкемлериниң муўапықластырыўшы орайына ийе.

CCIVS (Coordinating Committee for International Voluntary Service). 1948-жылы ЮНЕСКО басшылығында дүзилген Халық аралық волонтёрлық шөлкемлерин муўапықластырыўшы комитет. CCIVS комитети дүньяның 100 мәмлекетиндеги 250 ден аслам миллий волонтёрлық шөлкемлердиң жумысларын муўапықластырады.

AVSO (Association of Voluntary Service Organisation). Волонтёрлық шөлкемлер ассоциациясы Европа волонтёрлық шөлкемлериниң жумысларын муўапықластырады ҳәм волонтёрлық ҳәрекет мәплерин ҳүкиметлик, социаллық институтлар ҳәм жәмийетлик шөлкемлер дәрежесинде алға сүреди.

## 5. ҒМДА МӘМЛЕКЕТЛЕРИНДЕГИ ВОЛОНТЁРЛЫҚ ҲӘРЕКЕТИ

Күнделикли турмысымызда мода келеди, кетеди, түри өзгереди. Ал, тарийхый дереклерге сүйенсек, волонтёрлықтың ўақытша ҳәрекет болғанлығын көз алдымызға келтириў қыйын. Оның дүньяны жақсылаўға биргеликте умтылған ҳәм бирлескен жас ҳәм ересек адамлардың жүрек ҳәмири болыўын, мәмлекет болса бул умтылысты



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

баҳалап, ондағы белсендилерди ҳүрмет-иззетке бөлеп, қоллап-қуўатлап киятырғанын көремиз.

Ҳәр бир мәмлекеттиң волонтёрлық ҳәрекеттиң қәдир-қымбатын тән алыўы ҳәм нызам ҳүжжети — мине, ҳәрекеттиң әмелдеги машқалаларының шешими болып табылады. Мәмлекет ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң бирге ислесиўин кеңейтиў, ықтыярлылық бағдарламаларын раўажландырыў бойынша анық ис-илажларды қабыл етиў, олардың нәтийжелерин үгит-нәсиятлаў, ықтыярлылардың жәмийеттеги абырайын көтериў ушын олардың статусын анықлаў зәрүр. Бунда мәмлекетлик емес шөлкемлердиң қатнасысыз нызам ислеп шығарыў мүмкин емес. Себеби, әйне жәмийетлик шөлкемлер волонтёрлық ис тәжирийбесине ийе. Бундай жәрдемге мүтәжлердиң талапларын биледи.

Егер волонтёр өзиниң транспортында емлеўханаға саўға апаратырған болса, жанармайға төлеў машқаласы бар. Әлбетте, волонтёр бийпул ислейди, бирақ ол өзиниң қәрежетлерин де жумсамаўы тийис. Мине, бул жерде мәмлекеттиң нызам яки қандай да бир басқа норматив ҳүжжет түриндеги шешиўши ҳәрекети керек болады.

Бүгинги күнде ҒМДА да да волонтёрлық ҳәрекет раўажланып атыр. Усылайынша оның пайдалы ҳәм керек екенлигин тән алмақта. Бир пайытлары Белоруссияда бундай сөздиң бар екенлигин де билмес еди. Енди болса ҳәрекетти раўажландырыў ушын мүмкиншилик көп. Волонтёр көпшилик Европа мәмлекетлердегидей жәмийетлик санада жоқары статусқа ийе болмаса, алға илгерилеў қыйын.

Ҳәзирги ўақытта Белоруссияда мыңлаған жас адамлар волонтёрлық процесине тартылған. Буннан 15 жыл бурын бул мәмлекетте «волонтёр» сөзи қулаққа турпайы еситилетуғын болған. Ҳәзир болса көзқарас өзгерип, ықтыярлылық ҳәрекетине жыл сайын көбирек адамлар қосылмақта. Көплеген жәмийетлик шөлкемлердиң, социаллық мәкемелердиң жумыслары белгили дәрежеде олардың хызметлеринен ғәрезли.

Белоруссияда волонтёрлық жойбарлар менен «Жаслардың ықтыярлы мийнет лигасы» Республикалық жаслар жәмийетлик шөлкеми, «Белоруссия Қызыл Атанақ жәмийети», «Үмит-Экспресс», жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларындағы шөлкемлер, мектептен тыс жумыс орайлары ҳәм басқалар шуғылланады.

Жаслардың ықтыярлы мийнет лигасы дүньяның 35 мәмлекетиндеги 43 шөлкем менен бирге ислеседи. Жойбар шеңберинде Белоруссия ҳәм сырт еллерде Халық аралық волонтёрлар лагерьлери, Белоруссия ҳәм Германияда Ықтыярлы социаллық жыл шөлкемлестириледи ҳәм өткериледи. Бундай бағдарламалардың тийкарғы ўазыйпасы — жасларға рәсмий билим алыў, атап айтқанда, жаңа турмыслық тәжирийбени, шахслар арасындағы мүнәсибет көнликпелерин, өз ара мәдений бирге ислесиўди өзлестириў имканиятын береди. Солай етип, адамлар Польша, Чехия, Словакия, Германия, Австрия, Франция, Бельгия, Испания, Италия, Португалия, Марокко, Монголия, Қытай, Япония, Қубла Корея, Уллыбритания, АҚШ, Мексика, Канада, Дания, Финляндия, Россия, Украина, Литва, Латвия, Эстония, Греция, Нидерландия, Хорватия, Черногория, Болгария, Ҳиндстан, Тайланд, Түркия, Венгрия мәмлекетлерине барыўы мүмкин. Ҳәр жылы жойбарларда 1,5 мыңға шамалас адам қатнасады. Сондай-ақ, Белоруссияға сырт еллерден де ықтыярлылар келеди.

«Белорусь Қызыл Атанақ жәмийети» жәмийетлик бирлеспеси 22 мыңға шамалас волонтёрларды бирлестирген, олардан 6 мыңға жақыны волонтёрлық ҳәрекетлерде турақлы қатнасады. Жыл сайын жәмийет 500 волонтёрға көбеймекте.



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

«Белоруссия ЮНЕСКО клублары ассоциациясы» Европа волонтёрлық шөлкемлери менен тәжирийбе алмасыўды шөлкемлестиреди. Шөлкем экологиялық ҳәм тарийхый-мәдений волонтёрлық ҳәрекет пенен шуғылланады.

10 жылдан аслам ўақыттан берли ол белоруссиялы ҳәм басқа мәмлекетлерден келген 18 жастан үлкен студентлер ушын Белоруссия тарийхый-мәдений мийрас естеликлерин қайта тиклеў бойынша волонтёрлық лагерьлерди шөлкемлестирип ҳәм өткерип келмекте. Волонтёрлар Несвижск қорғанында, Новогрудкада, Залесьеде мийнет етип, Смиловичи посёлкасында франция-белоруссия биргеликтеги лагери өткерилди.

Мине, 7 жылдан берли Белоруссия Республикасында «Үмит-Экспресс» Халық аралық қайырхомлық жәмийетлик шөлкеминиң «Ушырасыўға Қәдем!» волонтёрлық бағдарламасы жумыс алып бармақта. Мүтәжлерге жәрдем бериў — бағдарламаның мақсети ҳәм шақырығына айланды. Алты жылдан берли бағдарлама раўажланып, өзиниң қатарындағы волонтёрлардың санын көбейтип келмекте. Волонтёрлар ҳәр қыйлы шөлкемлерде: арнаўлы балалар бақшаларында, балалар үйлеринде, нәрестелер үйлеринде, майыплар жәмийетлеринде, емлеўханаларда ҳәм басқа да орынларда жылына 150000 сааттан аслам қалыс ислеп келмекте.

Пуқаралардың ықтыярлылық ҳәрекетиниң бағдарлары көп түрли:

· балалар үйлерине социаллық жәрдем көрсетиў;

· кекселерге социаллық жәрдем көрсетиў;

· өзин-өзи басқарыў (жергиликли уйымлардағы жумыс);

· медициналық жәрдем (емлеўханаларда мийрим-шәпәәт хызметлери);

· педагогикалық шериклик (балаларды ҳәм жас өспиримлерди қоллап-қуўатлаў);

· социал-психологиялық ҳәм юридикалық қоллап-қуўатлаў (жасларға арналған психологиялық ҳәм юридикалық хызметлер);

· экологиялық қорғаў;

· интеллектуал раўажланыў (интеллектуал таңлаўларды шөлкемлестириў ҳәм өткериў);

· спорт, туристлик ҳәм әскерий таярлық;

· дөретиўшилик раўажланыў (дөретиўшилик илажлар, таңлаўлар, байрамларды шөлкемлестириў);

· бос ўақыттағы жумыслар;

· социаллық үлкетаныў;

· мийнет жәрдеми (мийнет лагерьлери ҳәм бригадалары);

· реставрация жумысларына жәрдем бериў;

· 1941—1945-жыллардағы Екинши жер жүзилик урыста қурбан болғанларды зыярат етиў ҳәм олардың қәбирлерин күтиў;

· экскурсиялық хызмет;

· өнерментшилик устаханалары;

· мәлимлеме менен тәмийинлеў.

Жоқарыда атап өтилген бағдарлар ҳәрекеттеги ықтыярлылар бирлеспелери ҳәм шөлкемлердиң әмелдеги жойбарларына қарай кеңейиўи мүмкин.

Бағдарламалардан тысқары ықтыярлылық ҳәрекети ҳәр қыйлы формаларға да ийе:

· ҳәр қыйлы илажлар ҳәм акциялар, жойбарлар ҳәм грантлар, мақсетли бағдарламалар;

· конференциялар, дөңгелек столлар, фестивальлар, таңлаўлар, лагерьлер, қайыр-сақаўатлылық мәўсимлери;



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

· турақлы тынымсыз жумыслар (мәселен, қаланың дыққатқа ылайық орынлары ҳаққындағы мағлыўматларды тарқатыўшылардың ўазыйпаларын орынлаў).

2010-жыл 15—18-апрель күнлери Минск (Белоруссия Республикасы) қаласында FМДА қурамындағы мәмлекетлердиң волонтёрлық басламаларының I Халықаралық форумы болып өтти.

Белоруссия Республикасының билимлендириў министрлиги, FМДА қурамындағы еллердиң Мәмлекетлер аралық гуманитар бирге ислесиў фондының қоллап-қуўатлаўында «Жаслардың ықтыярлы мийнет лигасы» Республикалық жаслар жәмийетлик шөлкеми Форум шөлкемлестириўшиси болды.

Форумның тийкарғы мақсети: жас әўладтың белсенди пуқаралық позициясын қәлиплестириў ҳәм оны улыўма инсаный қәдириятларды раўажландырыў процесине тартыў қуралы сыпатында ықтыярлылық ҳәрекектин ен жайдырыў, патриотизм, адамгершилик туйғыларын тәрбиялаў.

Форумның тийкарғы ўазыйпалары:

— волонтёрлық ҳәрекетиниң раўажланыў тәжирийбеси ҳәм идеяларын топлаў ҳәм тарқатыў;

— жаслардың дослық шеңбериндеги байланысларын раўажландырыў, жақын ҳәм алыс сырт еллердиң жаслар шөлкемлери, ассоциациялары, фондлары менен шерикликти орнатыў;

— ықтыярлылық принциплерине тийкарланған жаслар идеялары ҳәм басламаларын әмелге асырыўдың инновациялық формалары менен алмасыў;

— жаслардың интеллектуал ҳәм дөретиўшилик потенциалын әмелге асырыўға бағдарланған басламаларын жаслар арасында раўажландырыў.

Форум жумысына Әзербайжан, Армения, Белоруссия, Қазақстан, Қырғызстан, Молдова, Тәжикстан, Өзбекистан Республикаларынан, Россия Федерациясы ҳәм Украинадан 160 тан аслам ўәкил қатнасты.

Делегация қурамына мәмлекетлик дүзимлердиң жаслар сиясаты тараўында ислейтуғын ўәкиллери; жаслар жәмийетлик бирлеспелериниң миллий кеңеслериниң ўәкиллери; жәмийетлик шөлкемлердиң, оқыў орынларының волонтёрлық жойбарларды әмелге асыратуғын жаслар басламаларының ўәкиллери кирди.

Өзиниң қурамына киретуғын барлық шөлкемлердиң биргеликтеги жәрдеми нәтийжесинде волонтёрлық орай жылдың ақырында «Жыл волонтёры», «Жылдың волонтёрлық жойбары», «Жылдың волонтёрлық басламасы» таңлаўларын шөлкемлестиреди ҳәм өткереди.

Таңлаўлар Белоруссия Республикасының билимлендириў министрлигиниң жаслар ислери бойынша басқармасының қоллап-қуўатлаўында өткериледи.

Белоруссия Республикасында волонтёрлық ҳәрекетин раўажландырыў бир орында тоқтап қалған жоқ, қәлеўшилердиң санын көбейте отырып, ол өзиниң тәсирин ҳәм мүмкиншиликлерин күшейтип бармақта.

## 6. ҚЫЗЫЛ ЯРЫМ АЙ ЖӘМИЙЕТИ ҲӘМ ОНЫҢ ТАРИЙХЫ

Қызыл Атанақ ҳәм Қызыл Ярым Ай Шөлкемлери 150 жылдан аслам ўақыт даўамында инсанларға қалыс жәрдем көрсетип, пүткил дүньяда жүдә инсаныйлық, инсанпәрўарлық, жуўапкершиликли ўазыйпаны атқарып келмекте.

Бул шөлкемниң дүзилиўи ҳаққында айтатуғын болсақ, яғный 1859-жылдың жазийрама июль айының бир күнинде Анри Дюнан деген жас швецариялы исбилермен адам Италияның шығысында Сольферино қаласына келип қалады. Бул жерде сол



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

ўақытта XIX әсирдиң ең қорқынышлы урысларының бири даўам етип атыр еди. Урыста Франция, Италия ҳәм Австрия әскерлери урысып, оның ақыбетинде 16000 әскер өлип кеткен, 40000 әскер жарадар болады. Үлкен урыс майданы жарадарларға толып кетеди. Олар көп қан жоғалтып, шөллегенликтен өлип кетип атыр еди. Анри Дюнан жәрдем сорап, бир уртлам суў сорап атырған әскерлерге хеш бир зат жәрдем қолын созбай атырғанлығының гүўасы болады ҳәм ишинен қатты ашынады. Ол жақын жердеги аўыллардан кеўиллилерди жыйнап, жарадарларға жәрдем бериўге шақырады ҳәм өзи де миллетине қарамастан барлық жарадарларға жәрдем бериўге белсене кирисип кетеди. Оның «Бәрше адамлар бирадарлардур» сүренин басқалар да еситип, аңлап жетеди ҳәм тилеклеслик билдиреди. Бул аянышлы урыс ўақыясы жас исбилерменниң қолына қәлем услатып жазыўшылық талантын оятады. Нәтийжеде, 1862-жылда Дюнан «Сольферино жанындағы урыс» китабын баспадан шығарады. Онда автор урыстағы аянышлы ўақыяларды сөз етиў менен бирге усындай пайытлары түрли мәмлекетлердеги жарадарларға жәрдем көрсетиўге қаратылған ықтыярый тийкарда хызмет көрсетиўши жәмийетлерди дүзиў кереклиги ҳәм ол жәмийетке Халық аралық питим, келисим зәрүрлиги баян етиледи.

Жазыўшының бундай мийнети оған 1901-жылы 1-рет Нобель сыйлығын алып келеди. Сондай-ақ, оның тынымсыз ҳәрекети нәтийжесинде 1863-жылдың февраль айында Женевада арнаўлы комиссия шөлкемлестириледи. Соң оған Халық аралық Қызыл Атанақ комитети деп ат бериледи. Бир жылдан соң 1864-жылдың август айында өткерилген дипломатиялық конференцияда 1-Женева конвенциясы имзаланады. Усы шәртнама арқалы жарадарлар қайсы мәмлекет пуқарасы болыўына қарамастан оның барлығына ғамхорлық көрсетиў тәмийинлениўи ҳәм өз әскерлеринде ақ реңли таўар үстине қызыл реңдеги атанақ енгизиў қусаған әскерлерге жуўапкершилик жүкленеди. Соннан баслап арнаўлы эмблема сүўретленген ақ байрақ ең бийбаҳа байлық, инсан өмири ҳәм саламатлығына ғамхорлық көрсетиўши жоқары гуманитар миссияға айланады.

Сол ўақытта көплеген Европа мәмлекетлеринде А.Дюнанның идеясынан илҳамланған ҳүкимет ҳәм мүриўбетли инсанлар дәслепки миллий Қызыл Атанақ Жәмийетин жаратты. Бул идеяның тәсири Европа мәмлекетлеринеде үлги болып өтеди. XIX әсирдиң ақырында айырым мәмлекетлер урыс майданында жарадарлар ҳәм оларға жәрдем берип атырған медицина хызметкерлерин қорғаў мақсетинде Қызыл Ярым Ай эмблемасында пайдаланыўға қарар етеди. Сондай-ақ, кейинги 50 жыл ишинде Халық аралық Қызыл Ярым Ай комитети өз бағдарламаларын кеңейтиўге муўапық болады.

1914—1918-жыллары болып өткен Биринши жер жүзилик урысы ўақтында да бул Халық аралық шөлкем жәрдемге мүтәж болғанларға тийисли жәрдем көрсетиўге болған режелерди атқарыўға ерискен.

Солай екен, Өзбекистанда 1925-жыл 14-ноябрь Өзбекистан Қызыл Ярым Ай Жәмийетине тийкар салынған күн. Усы тарийхый сәнеде «Қызыл Ярым Ай Жәмийетин» дүзиў ҳаққында Қарар қабыл етиледи. Оның дәслепки жайласқан орны Самарқанд қаласында жайласқан. Бул сәне Өзбекистан Қызыл Ярым Ай Жәмийетиниң рәсмий шөлкемлестирилген күни есапланады.

Ал, 1936-жыл 2—4-сентябрь күнлери Өзбекистан Қызыл Ярым Ай Жәмийетиниң IV Қуралтайы болып өтеди. Бул Жәмийеттиң аймақлық шөлкемлер тәрепинен халық пенен жедел ислеў ҳәм санитариялық хызметти беккемлеў барысындағы ислерге түртки береди ҳәм усы жылдан баслап Өзбекистан Қызыл



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

Ярым Ай Жәмийетиниң қурамында Қарақалпақстан Республикалық шөлкеми дүзиледи.

Өзбекистан Қызыл Ярым Ай Жәмийети тәрепинен 1941—1945-жыллары 7 мың ҳамшира, 16 мың 700 санитар дружинашы, 10 мыңнан аслам санитар қәнигелер таярланған. Олар эвакуация госпиталларда, фронтта, әскерий бөлимлерде мәртлерше үлес қосқан ҳәм олардың көпшилиги мәмлекетлик атақлар менен сыйлықланған. Мәселен, фронтта жарадарларға көрсеткен пидайы мийнетлери ушын Өзбекистаннан 4 ҳамшира соннан Қарақалпақстаннан Салипа Кубланова (Ферғанадан Матлуба Эшонхўжаева, Ташкент ўәлаятынан Рихси Мўминова, Самарқанд ўәлаятынан Антоника Пихтева) халық аралық Қызыл Атанақ комитетиниң жоқары сыйлығына ылайық табылып, «Флоренс Найтингейл» атындағы медаль менен сыйлықланған.

Флоренс Найтингейл деген ҳаял  Қырым урысы дәўиринде жарадарларға жәрдем көрсетиў ушын шөлкемлестирилген мийрим-шәпәәт ҳамшираларының ең дәслепки шөлкемлестириўшиси. Бул жанкүйер ҳаялдың инсанпәрўар хызмети оның аты менен белгиленип медаль арқалы мәңгилестирилген. Бул атақ мийнети даўамында жоқары үлги көрсеткен ҳамшираларға бериледи.

Демек, Өзбекистан Қызыл Ярым Ай Жәмийети Өзбекистан Республикасы Президентиниң 1992-жыл 28-майдағы №УП-411 Пәрманы ҳәм де Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1992-жыл 5-октябрьдеги 458-санлы қарарына тийкарланып ғәрезсиз атына ийе болды. Жәмийет Өзбекистан Республикасы Конституциясы ҳәм де Нызамлары, сондай-ақ, Өзбекистан Республикасы Пуқаралық кодекси, «Жәмәәт бирлеспелери ҳаққында» ҳәм «Мәмлекетлик емес ҳәм коммерциялық емес шөлкемлер ҳаққында»ғы (1999-жыл) нызамлар, сондай-ақ, Женева Конвенциялары (1949-жыл) ҳәм оларға қосымша баянламалар (1977-жыл) (Өзбекистан усы халық аралық ҳүжжетлердиң қатнасыўшысы), халық аралық гуманитар ҳуқық бойынша басқа ҳүжжетлер ҳәм де арнаўлы Устав бойынша ҳәрекет етеди. Жәмийеттиң ҳәрекет мүддети шекленбеген.

Солай екен, жәмийет халық аралық ҳүжжетлер менен тастыйықланған жети принципке тийкарланады. Олар төмендегише:

**Инсанпәрўарлық** — Халық аралық Қызыл Атанақ ҳәм Қызыл Ярым Ай Ҳәрекети урыс майданында жараланғанларға ҳәр қандай қыйыншылықларға қарамай жәрдем көрсетиўге умтылыў сыпатында жүзеге келип, ҳәр қандай шараятта да халық аралық ҳәм миллий дәрежелерде адамлар дәртин жеңиллетиўге ҳәрекет етеди. Ҳәрекет инсанлардың турмысы ҳәм саламатлығын қорғаў ҳәм де шахсқа ҳүрмет көрсетилиўин тәмийинлеў мақсетин гөзлейди. Ол халықлар арасында бирлик, дослық, аўызбиршилик ҳәм беккем тынышлыққа ерисиўге жәрдем береди.

**Қалыслық** — Ҳәрекет инсанларды шығысы, миллети, миллий, диний белгилери яки сиясий қарасларына қарап ажыратпайды. Ҳәрекет тек ғана адамлардың мүтәжлигине қарап, биринши нәўбетте жәрдемге көбирек мүтәж болғанлардың дәртин жеңиллетиўге умтылады.

**Бийтәреплик** — Ҳәммениң исенимин ақлаў мақсетинде ҳәрекет қураллы жәнжеллер пайытында қандай да бир тәрептиң мәпин гөзлемейди ҳәм сиясий, диний яки идеологиялық мазмундағы пикирлерге қосылмайды.

**Ғәрезсизлиқ** — Ҳәрекет ғәрезсиз. Миллий жәмийетлер, өз мәмлекетлери ҳүкиметлерине гуманитар хызмет тараўында жәрдем көрсетер екен, өз мәмлекети нызамларына әмел қылады ҳәм соның менен бирге, ҳәрекет принциплерине муўапық шешим қабыл етеди.



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

**Ықтыярыйлық** — Гуманитар жәрдем көрсетиў барысындағы ықтыярлы хызметинде ҳәрекет пайда алыўға умтылмайды.

**Жалғызлық** — Мәмлекетте тек ғана бир Қызыл Атанақ яки Қызыл Ярым Ай Миллий Жәмийети болыўы мүмкин. Ол ҳәмме ушын ашық болыўы ҳәм мәмлекеттиң барлық орынларында өзиниң инсанпәрўарлық хызметин әмелге асырыўы керек.

**Улыўмалық** — Халық аралық Қызыл Атанақ ҳәм Қызыл Ярым Ай Ҳәрекети дүнья жүзилик шөлкем. Барлық Миллий жәмийетлер тең ҳуқықларға ийе ҳәм бир-бирине жәрдем көрсетиўи тийис.

2002-жыл 29—30-август күнлери болып өткен екинши шақырық Олий Мажлистиң IX сессиясында Президентимиз И.Каримов «Өзбекистанда демократиялық өзгерислерди еле де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийети тийкарларын қәлиплестириўдиң тийкарғы бағдарлары» атамасында шығып сөйледи. Президентимиз бул баянатында мәмлекетте пуқаралық жәмийетин қурыўдың тийкарғы мақсетлерин белгилеп берип: «Бесинши әҳмийетли бағдар, пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўдиң әҳмийетли шәрти болып, бул жәмийет турмысында мәмлекетлик емес ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң орны ҳәм әҳмийетин кескин күшейтиўден ибарат. Яки басқаша етип айтқанда, бул — «Күшли мәмлекеттен күшли жәмийетке қарай» деген принципти турмысқа енгизиў дегенимизди билдиреди. Ҳәммемизге белгили, бул бағдар социал-экономикалық процесслер менен байланыслы көп мәселелерди шешиўде мәмлекет системаларының ролин кемейтиў ҳәм бул ўазыйпаларды басқышпа-басқыш жәмийетлик шөлкемлерине өткизип барыўды билдиреди. Оның ушын ең дәслеп мәмлекеттиң экономикалық тараўға, хожалық жүритиўши системалар, биринши гезекте, жеке сектор хызметине араласыўын шеклеў лазым» деген еди.

Мине, усы көзқарастан бүгинги күни елимизде мәмлекетлик емес коммерциялық емес жәмийетлик шөлкемлерге кең жол ашылды. Олардың ҳәр бири мәмлекетимиздиң ҳуқықый демократиялық жәмийет қурыў барысындағы үлкен қәдемлерине өзлериниң ҳақыйқый үлеслерин қосып атыр десек қәтелеспеймиз.

## 7. ЕЛИМИЗДЕ МӘМЛЕКЕТЛИК ЕМЕС КОММЕРЦИЯЛЫҚ ЕМЕС ШӨЛКЕМЛЕР ҲӘМ ЖОЙБАР НӘТИЙЖЕЛЕРИ

Өзбекистан Республикасы Президенти басшылығында әмелге асырылып атырған кең көлемли реформалардың бас мақсети, бул ҳуқықый демократиялық принциплерге тийкарланған күшли пуқаралық жәмийетти дүзиў, тынышлық ҳәм турақлылық, халық абаданшылығы, мәмлекет раўажланыўын тәмийинлеўден ибарат.

Ҳәзирги ўақытта мәмлекетимизде терең демократиялық реформалар ҳәм социал-экономикалық модернизациялаў илажлары жаңа басқышқа көтерилип әмелге асырылып атыр. Буның тийкарғы бағдарын Президентимиз И.Каримов тәрепинен 2010-жылы 12-ноябрьде Өзбекистан Республикасының Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы менен Сенаттың қоспа мәжилисинде баян етилген «Демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм мәмлекетимизде пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў» Концепциясы белгилеп берди. Бул Концепцияда тийкарғы 6 бағдар бойынша илажлар әмелге асырылыўы көрсетилген. Соның менен бирге елимизде демократиялық раўажланыў ҳәм пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў ең баслы ўазыйпа деп белгиленди. Усыннан келип шығып соңғы ўақытларда мәмлекетимизде пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў мақсетинде



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

бир қанша илажлар әмелге асырылып атыр. Әлбетте, мәмлекетимизде пуқаралық жәмийети қәлиплесиўи бир қанша Нызамлар ҳәм ҳуқықый-нормативлик ҳүжжетлер тийкарына таянып әмелге аспақта. Соның менен бирге пуқаралық жәмийети қәлиплесиўин тәмийинлеў мақсетинде жаңа Нызамларда қабыл етилди. Булар «Мәмлекет ҳүкимети ҳәм басқарыў органлары искерлигиниң ашықлығы ҳаққында»ғы ҳәм «Социаллық шериклик хаққында»ғы Өзбекистан Республикасы Нызамлары.

Бүгинги күнде мәмлекетимизде өз искерлигин көрсетип атырған мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери ҳәм де пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары жәмийетимиз турмысының ҳәр қыйлы тараўлардағы жаңаланыўларға, олардың раўажланыўына өзиниң жемисли тәсирин көрсетпекте. Усы жерде бир нәрсени айтып кетиў керек, бул да болса өткен дәўир, яғный ғәрезсизлик жылларында Қарақалпақстанда мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери ҳәм де пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары саны ҳәм сапасы жағынан өсиўге ерисилди. Егер де 1990-жыллардың басында тек ғана 9 мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер жумыс алып барған болса, бүгинги күнге келип олардың саны 530 дан асламға жетти. Пүткил Өзбекистан бойынша болса, МКШ саны 8000 нан асып кетти.

Булардың барлығы елимизде мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатланыўының нәтийжели механизми жолға қойылғанлығының айқын дәлили. Соның менен бирге 2008-жылдың июль айында Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы менен Сенаттың бирге өткерилген мажилисинде «Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерин, пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаўды күшейттириў ис-илажлары ҳаққында»ғы қоспа қарары қабыл етилди. Бул ҳүжжет Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлериниң, пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының бийғәрез раўажланыўын басқышпа-басқыш тәмийинлеў, елимиздиң демократиялық жаңаланыў процесинде олардың роли ҳәм әҳмийетин күшейттириў жолында және бир әҳмийетли қәдем болды.

Бул бағдарда «Социаллық шериклик ҳаққында»ғы Нызамы мәмлекетимизде социал-экономикалық раўажланыўға тийисли бағдарламаларды әмелге асырыў, аймақлық мәселелер, гуманитар мәселелерди шешиўде, халықтың түрли қатламларының хуқықларын, еркинликлерин ҳәм мәплерин қорғаўда «үшинши сектор» ўәкиллери ҳәм де пуқаралық жәмийетиниң басқа институтларының мәмлекетлик органлары менен өз ара мүнәсибетлерди анық белгилеў, усы мүнәсибетлерди шөлкемлестириў ҳуқықый механизмлерин қәлиплестириў менен айрықша орынға ийе.

2015-жыл 1-январьдан өз күшине кирген Өзбекистан Республикасы «Социаллық шериклик ҳаққында» ғы Нызамның қабыл етилиўи пукаралық жәмийетлик институтларын еле де раўажландырыў, мәмлекет ҳәм МКШ шөлкемлериниң мүнәсибетин күшейттириўге тийкар салады. Бул Нызамның қабыл етилиўи пуқаралық жәмийети институтларының еле де раўажланыўына тийкар болды.

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси жанындағы Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды қаржыларын басқарыў бойынша Парламентлик комиссиясы дүзилди. Мәмлекетлик бюджеттен «үшинши сектор»ды, яғный МКШ ди раўажландырыўға бағдарланған финанс қаржыларының ашық ҳәм



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

мәнзилли, ең әҳмийетлиси демократиялық тәризде бөлистириўге қаратылғанлығы олардың социаллық әҳмийетке ийе жойбарларды әмелге асырыўы ушын шөлкемлестириў-техникалық ҳәм экономикалық базасын беккемлеўге нәтийжели тәсир көрсетпекте.

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси жанындағы Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды тәрепинен ҳәр жылы таңлаўлар жәрияланып, бул таңлаўларда МКШ лер өз жойбарлары менен белсене қатнасып келмекте.

2009—2014-жылларда өткерилген таңлаўларға Қарақалпақстан Республикасынан 203 мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары, өзлериниң 233 социаллық әҳмийетке ийе жойбарлары менен қатнасқан. Усы дәўир ишинде Парламент комиссиясы қарарларына муўапық, жәми 64 жойбар ең жақсы социаллық әҳмийетке ийе жойбар деп таңланған ҳәм 778,8 млн. сўм көлеминде мәмлекет гранты түринде қоллап-қуўатланған. Қоллап-қуўатланған жойбарлардан 43 жойбары мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерге тийисли болып, бул жойбарлар 540,8 млн. сўм көлеминде мәмлекетлик грант пенен қоллап-қуўатланды.

2014-жылда өткерилген 5 таңлаўда республиканың 62 МКШ, FXҚ ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары 70 жойбар менен қатнасты. Олардың 18 и 170 млн. сўмға қаржыланды. Соның ишинде 6 Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкем.

2015-жылы даўамында Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси жанындағы Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды тәрепинен 5 таңлаў жәрияланып, таңлаўда Қарақалпақстаннан 21 МКШ, FXҚ ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары өз жойбарлары менен жеңимпаз болды. Олардан 14 МКШ, 2 МПЖ, 5 FXҚ болып, жәми 424 млн. 400 мың сум қаржыландырылды.

Мәмлекетимизде ҳәр жылы кирип киятырған жаңа жылға жаңа ат берип, халқымыздың арзыў-үмитлерине, инсаныйлық пазыйлетлерине уйғын болып, өтип баратырған жылдың логикалық ҳәм үзликсиз даўамы болыўы ушын мәмлекетлик бағдарламалар қабылланыўынанда биз елимизде жоқары мәнаўиятлылық, ҳүрмет-иззет мәмлекетлик сиясатқа көтерилгенлигин көремиз. Ол тек ғана жәмийет беккемлиги, инсан бахты, халық пәраўанлығы, мәмлекеттиң раўажланыўы ушын хызмет етеди. Яғный,

· 1997 — Инсан мәплери жылы.
· 1998 — Шаңарақ жылы.
· 1999 — Ҳаял-қызлар жылы.
· 2000 — Саламат әўлад жылы.
· 2001 — Ана ҳәм бала жылы.
· 2002 — Қариялар жылы.
· 2003 — Абат мәҳәлле жылы.
· 2004 — Меҳир-мүриўбет жылы.
· 2005 — Саламатлық жылы.
· 2006 — Қәўендерлер ҳәм шыпакерлер жылы.
· 2007 — Социаллық қорғаў жылы.
· 2008 — Жаслар жылы.



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

· 2009 — Аўылды раўажландырыў ҳәм абаданластырыў жылы.
· 2010 — Бәркамал әўлад жылы.
· 2011 — Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик жылы.
· 2012 — Беккем шаңарақ жылы.
· 2013 — Абат турмыс жылы.
· 2014 — Саламат бала жылы.
· 2015 — Кекселерди қәдирлеў жылы.
· 2016 — Саламат ана ҳәм бала жылы.

Жуўмақлап айтқанда, пуқаралық жәмийети институтларының жәмийет турмысындағы әҳмийетли мәселелерди шешиўдеги роли ҳәм қатнасын кеңейттириў ҳәзирги күнниң ең әҳмийетли мәселелериниң бири.

Себеби, Ҳүрметли Президентимиз И.Каримов «Елимиз раўажланыўының ҳәзирги басқышында мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының ролин еле де күшейттириў пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў, демократияластырыў ҳәм мәмлекетимиздиң дүнья жәмийетшилигине интеграцияласыўы бойынша өз алдымызға қойған мақсетимизди әмелге асырыўда шешиўши дерек болып табылады» деген еди.

## 8.ӨЗБЕКИСТАН ҚЫЗЫЛ ЯРЫМ АЙ ЖӘМИЙЕТИ НӨКИС ҚАЛАЛЫҚ БӨЛИМИНИҢ ВОЛОНТЁРЛЫҚ ҲӘРЕКЕТИ, ЎАЗЫЙПАСЫ ҲӘМ МИННЕТИ

Өзбекистан Қызыл Ярым Ай Жәмийети Нөкис қалалық бөлиминде де 2015-жыл август айынан баслап, Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерин ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтларын қоллап-қуўатлаў жәмәәт фонды тәрепинен «Жамоатчилик фаолиятини ёшлар ва кексалар орасида ривожлантириш» атамасындағы гранты тийкарында бир қанша әмелий жумыслар алып барылды.

2015-жыл 10-сентябрь күни «Жәмийетшилик ҳәрекетин жаслар ҳәм кекселер арасында раўажландырыў» атамасындағы семинар ҳәм жойбардың ашылыўы болып өтти.



*Сүўретте: Шептен оңға қарай Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң бөлим баслығы Э.Турсунов, Нөкис қаласы ҳәкиминиң орынбасары А.Ибрагимов, Өзбекистан Қызыл Ярым Ай Жәмийети Нөкис қалалық бөлиминиң баслығы А.Алламбергенов семинар пайытында.*



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so





***Семинардан көринислер.***

— 2015-жыл 29-октябрь күни «Кекселер ҳәм жаслар арасында волонтёрлық ҳәрекетин шөлкемлестириў» темасындағы мастер класс болып өтти.





Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so





***Жасы үлкен ҳәм жаслар арасындағы белсенди волонтёрлар хошаметленбекте.***

— 2015-жыл 26-ноябрь күни «Кекселер ҳәм жаслар арасында волонтёрлық ҳәрекетти раўажландырыў» темасында семинар болып өтти.

— 2015-жыл 24-декабрь күни «Кекселер ҳәм жаслар арасында волонтёрлық ҳәрекетин жетилистириў» атамасындағы мастер класс алып барылды.





Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so



***Мастер класс пайытынан көринислер.***

— 2016-жыл 29-январь «Кекселер ҳәм жаслар арасында волонтёрлық ҳәрекетти раўажландырыў» темасындағы семинар болып өтти.

— 2016-жыл 24-февраль «Кекселер ҳәм жаслар арасында волонтёрлық ҳәрекетти раўажландырыў» темасындағы дөгерек сәўбет шөлкемлестирилди.

Өткерилген семинар ҳәм мастер класқа пайтахтымыздағы барлық мәкан пуқаралар жыйынлары баслықлары, хаткерлери, қалалық халық билимлендириў мәкемелери хызметкерлери, медицина бирлеспеси шыпакерлери, «Камолот» жаслар жәмийетлик ҳәрекети Қарақалпақстан Республикалық Кеңеси ҳәм Нөкис қалалық бөлими хызметкерлери, мәкеме, кәрхана ўәкиллери, жоқары оқыў орнының педагог-хызметкерлери, студентлер, магистрлар, колледж оқытыўшылары қатнасты. Алып барылған жумыслар ҳаққында ғалаба хабар қуралларында кең жәмийетшиликке жақыннан таныстырылды.

Өзбекистан Қызыл Ярым Ай Жәмийети Нөкис қалалық бөлиминиң ўазыйпасы — басқарыў ҳәм қарар шығарыў мәселелерине белсене қатнасыў имканын бериў ушын волонтёрлар жетекшилерин оқытыўды тәмийинлеў ҳәм олардың раўажланыўына имканият жаратыў. Ал, миннети — инсанпәрўарлық күшлерин жумсаў арқалы халықтың ең әззи қатламларының жасаў дәрежесин жақсылаўға ҳәм социаллық қорғаўды тәмийинлеўге үлес қосыўдан ибарат.

Кеўиллилик — бул жақсылық туқымын себиў, оны жетистириў ҳәм бул ислерден қанаатланыў. Биз бос ўақытларымызды жеке қәлеўлеримиз бойынша түрлише жумсаймыз: үй, шаңарақ, жәмәәтлик ислер, театр, қызығыўшылығымызға қарап (хобби), спорт ҳәм басқалар.

Кеўиллилердиң тийкарғы белгилери сонда — кеўиллилер яки волонтёрлар өз бос ўақытларының бир бөлимин, демек, күш-ғайрат, билимлер, тәжирийбесин ықтыярлы рәўиште (мәжбүрлеўсиз яки «жоқарыдан» көрсетпесиз) басқа адамларға яки пүткил жәмийетке пайда келтириўши хызметине сарплайды.

Олар жәрдемге мүтәж болғанларға хызмет көрсетеди, умытылған ҳәм бийнесип қалған пуқараларды қорғайды, жәмийетлик бирлеспелер ҳәм турақ жайлардағы өзин-өзи басқарыў уйымларына көмеклеседи.

Кеўиллилик бул социаллық мүнәсибетлерди дүзиў усылы; өзиниң әдеп-икрамлық, жоқары инсанпәрўарлық принциплерин әмелге асырыў; жаңа көнликпелер ҳәм ис тәжирийбесин пайда етиў; басқа адамлар ушын қандай да



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

бир ис ислеў ушын өзиниң қәдирлилигин түсиниў; басқа усындай кеўиллилер жәмәәтинде яки командасында өзиниң орнын билиў.

Волонтёрлар — жәмийетке еркин рәўиште жәрдем береди, оның ушын хеш кимнен хошамет күтпейди, хеш қандай пайда көрмейди.

Пүткил дүньяда кеўиллилерди волонтёрлар деп атайды. Өзбекистан Қызыл Ярым Ай Жәмийети Нөкис қалалық бөлиминиң волонтёрлары болыў ушын жастың да, миллеттиң де, диний исенимниң де, социаллық келип шығыўдың да әхмийети жоқ. Оған қатнасыў арқалы сен Жәмийетке сениң жәрдемиң ҳәм қатнасыўың, сениң мәсләҳәтиң ҳәм идеяларың жүдә зәрүрлигин түсинесең. Жәмийетти инсанпәрўарлық идеялары ушын хызмет етиўши кеўиллилерсиз көз алдымызға келтирип болмайды.

Волонтёрлық адамлардың инсанпәрўарлық исинде ықтыярый қатнасыў ислерине тийкарланған. Ол материаллық ҳәм финанслық мәпти көзде тутпайды ҳәм ол социаллық, экономикалық ҳәм сиясий яки диний, дүнья қарас себепли әмелге асырылмайды.

Бул ҳәрекет дүнья бойынша ең кең тарқалған, раўажланған кеўиллилик идеясына ҳәм кеўиллилик тармақларына ийе. Ҳәр бир мәмлекетте волонтёрлық модели өзине тән болып, ўақыт талабына қарап турақлы өзгереди.

Елимизде кеўиллилик ҳәрекети жергиликли мәдениятқа, дәстүрлерге ҳәм адамлардың турмыс шараятлары менен үзliксиз байланысқан. Шембиликлер, Ораза-ҳайт ҳәм Наўрыз байрамларында кексе адамларға барыў, меҳрибанлық үйлериндеги балаларға саўғалар тарқатыў, олардың жағдайларынан хабар алыў, аймақларда қоңсы-қобалардың бир-бирине жәрдем көрсетиўлери оған мысал бола алады.

## 9. БАСҚАЛАРҒА ХЫЗМЕТ ЕТИЎ — ИНСАНЫЙЛЫҚ ПАЗЫЙЛЕТ

Шаңарақта, дослар әтирапында, жәмийетте тутқан орныңды кеңирек талқылап, баҳа берип көр. Сен ҳәр дайым кимгедур ненидур қыласаң, басқаша етип айтқанда, хызметтесең. Соны айтыў керек, биринши нәўбетте, биз ҳәммемиз өз мәмлекетимизге, елимизге хызмет етемиз, жаңа мийнет ислеймиз, халқымыз турмысы, пәраўанлығына үлес қосамыз.

Сондай-ақ, сен қәле-қәлеме бәрқулла өз туўысқанларың ҳаққында ойлайсаң, олар ушын тәшўишленесең ҳәм үйде мәлим бир жумысларды орынлайсаң. Демек, сен өз шаңарағыңа хызмет қыласаң.

Сондай-ақ, сен өз досларыңа да жәрдем бересең, қызық жаңалықлардан тартып оқыў сабакларын биргеликте өзлестириўде де қолыңнан келгенинше ортақласасаң яки үй қурылысында да жәрдем бериўден қуўанасаң.

Сондай-ақ, сен жәмәәтинде ҳәм имканиятыңа, қызығыўшылығыңа муўапық болған жәмәәтшилик ислерден де жүз бурмайсаң.

## 10. КЕЎИЛЛИЛЕРГЕ ҚОЙЫЛАТУҒЫН ТАЛАПЛАР

— Халық аралық ҳәрекеттиң тийкарғы принциплерине муўапық ҳәрекет етиў ҳәм оны үгит-нәсиятлаўда жәрдем бериў;

— Жәмийет ҳәм Халық аралық Федерация тымсалларынан пайдаланыў қағыйдасын ҳүрмет етиў ҳәм олардан қәте пайдаланыўдың алдын алыў;

— қайыр-сақаўатлылық хызмет түрлери бойынша ислеўге умтылыў;



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

— ўазыйпаларды миллети, шығысы, жынысы, сиясий қараслары ҳәм диний исеними бойынша кемситиўсиз орынлаў;

— жәрдем берип атырған адамлардың қәдир-қымбатын хүрметлеў;

— өзара түсинисиўге мәсләҳәт бериў;

— басқалардың мүтәжлигине меҳрибанлық пенен инсанпәрўарлық көзқарасынан жәрдем бериў.

## 11. ВОЛОНТЁР ҲУҚЫҚЛАРЫ

— жәмийет нызамында белгиленгениндей, волонтёр өз аймағындағы жәмийеттиң ағзалығына қабылланыўы мүмкин;

— волонтёрлық бағдарламаларында белгиленген ўазыйпалар яки ролди орынлаў мақсетинде жеке (шахсий) раўажланыўы ушын тийисли тренинг яки имканиятлардың жаратылыўы;

— белгиленген тапсырмаларды орынлаў яки хызметин әмелге асырыў ушын тийисли әсбап-үскенелерге яки техникалық қуралларға ийе болыў;

— ықтыярыйлықтың тийкарғы принциплери ҳәм әдеп-икрамлық Кодексине тийкарланған ҳалда тапсырманы яки ўазыйпаларды орынлаўға разы болыў яки оннан бас тартыў.



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

## ЖУЎМАҚ

Волонтёрлық ҳәрекети дүньяның барлық мәмлекетлеринде кең тарқалған. Бунда волонтёрлардың мийнетлери жыл сайын дүнья жүзи экономикасының әҳмийетли ресурсына айланып бармақта.

Үйренилген материаллар тийкарында биз төмендегише жуўмақ шығарыўымыз мүмкин:

· волонтёрлық ҳәрекет социаллық жумыстың кәсиплик емес дәрежесине жатады.

· волонтёрлар — булар өз үлесин қосыў арқалы социаллық әҳмийетке ийе ҳәрекетти өз ерки менен әмелге асыратуғын, өзиниң жәрдемин қалыс көрсететуғын ықтыярлылар.

· жасларға волонтёрлық ҳәрекетин раўажландырыў ушын төмендеги шараятлар керек:

· волонтёрлық ҳәрекеттиң баслаўшылары ҳәм муўапықластырыўшылары болған пикирлеслер топары;

· волонтёрлық ҳәрекеттиң институционал «тийислилиги» (волонтёрлық ҳәрекетти қоллап-қуўатлайтуғын мәкемелер, шөлкемлер);

· волонтёрлық ҳәрекетте қатнасыўына қарай жаслар топарының мотивациялық дүзилис өзгешеликлерин есапқа алыў;

· волонтёрлық ҳәрекетке ҳәкимшилик етиў ҳәм бюрократластырыўдан қашыўға умтылыў;

· қолайлы мораллық климатты, абырайлылықты тәмийинлеў, жаслар орталығында волонтёрлық ҳәрекетке «мода» жаратыў (буны бәринен бурын билимлендириў мәкемелеринде әмелге асырыў мүмкин);

· жаслар ушын әҳмийетли болған ҳәрекетлерди волонтёрлықтың негизи сыпатында пайдаланыў;

· волонтёрлықты жас адамның социаллық статусын көтериў усылы сыпатында пайдаланыў;

· волонтёрлық — бул бирден пайда болатуғын емес, ал, заманагөй жәмийетте қәлиплесетуғын ҳәм турақлы раўажланып баратуғын қубылыс.

Волонтёрлық ҳәрекет адамлардың өзлериниң де, олардың қапталындағылардың да дүнья қарасының өзгериўине жәрдем береди, мәмлекетке де, волонтёрлардың өзлерине де пайда келтиреди. Волонтёрлар бул ҳәрекетке қатнасыў арқалы өзлериниң билим ҳәм көнликпелерин раўажландырады, өзлериниң пайдалы ҳәм керекли екенлигин түсинеди, өз мийнетлери ушын миннетдаршылықларға ийе болады. Солай екен, волонтёрлық ҳәрекети бул қәўендерлик ҳәм ғамхорлық етиўдиң бир көриниси. Ал, қәўендерлик дегенге президентимиз И.Каримов 2005-жыл 7-декабрьдеги Өзбекистан Республикасы Конституциясының 13 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресимдеги баянатында былай деген еди: «қәўендер дегенде, дөгерек әтираптағы жетим-жесирлерге, кем тәмийинленгенлерге, мүтәж инсанларға көмек ҳәм жәрдем бериўге, адамлардың дәртине ҳәмдәрт болыўға, қәдирдан аўылы яки қаланы абат қылыўға умтылатуғын, бир сөз бенен айтқанда,



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

саўап ис қылып жасайтуғын инсанларды өзимиздиң көз алдымызға келтиремиз»[1], деген еди. Сондай-ақ муқаддес Қуранда «Қайырлы, саўаплы ислерде бир-бириңизден озыўға асығың», деген ҳикметли сөзлерде де үлкен мәни бар.

Жуўмақлап айтқанымызда, Президентимиз И.Каримовтың «Саўап исти ҳәр ким ҳәр күни ислеўи керек» деген тереӊ мәнили сөзинен биз ҳәр биримиз тийисли жуўмақ шығарыўымыз тийис.

## ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари-олий қадрият. Т., Ўзбекистон, 2006.
2. Каримов И.А. Юксак малакали мутахассислар тараққиёт омили.-Т., Ўзбекистон,1995.
3. Каримов И.А. Баркамол авлод-Ўзбекистон тараққиёти пойдевори.-Т., Ўзбекистон,1997.
4. Каримов И.А. Юксак маънавият-енгилмас куч. Т., «Маънавият», 2008.
5. Каримов И. «Она юртимиз бахту иқболи ва буюк келажаги йўлида хизмат қилиш-энг олий саодатдир», Т., «Ўзбекистон», 2015.
6. Бодренкова Г. И. Добровольчество / Г. И. Бодренкова // Социальная работа. - 2006. №1.
7. Левдер И. А. Добровольческое движение как одна из форм социального обслуживания / Левдер И. А. // Социальная работа. - 2006. -№2.
8. Тетерский С. В. Непрофессиональный уровень социальной работы. / С. В. Тетерский // Введение в социальную работу. - 2000.
9. Хулин А. А. Добровольчество как вид благотворительности / А. А. Хулин Социальная работа. - 2003. - №3.
10. Шульга Т. И. 2001 г - Международный год добровольцев / Шульга Т. И. // Работник социальной службы. - 2006. №6. С. 10-12.
11. Циткилов П. Я. Информационно - методические материалы по организации работы с волонтерами / П. Я. Циткилов // Социальная работа. - 2007. - №5.


[1] Каримов И. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари—олий қадрият. Т., «Ўзбекистон», 2006 йил, 87-бет.



Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

## МАЗМУНЫ


КИРИСИЎ ........ 3

1. ВОЛОНТЁРЛЫҚ ҲӘРЕКЕТИ: МАЗМУНЫ, ТИЙКАРҒЫ ХАРАКТЕРЛИ БЕЛГИЛЕРИ ........ 4

2. ВОЛОНТЁРЛЫҚТЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ҲӘМ ҚӘЛИПЛЕСИЎ ТАРИЙХЫ ........ 9

3. ВОЛОНТЁРЛЫҚ КӨП МИЛЛЕТЛИ ҚУБЫЛЫС СЫПАТЫНДА ..... 11

4. ХАЛЫҚАРАЛЫҚ ВОЛОНТЁРЛЫҚ БИРЛЕСПЕЛЕР ........ 13

5. ҒМДА МӘМЛЕКЕТЛЕРИНДЕГИ ВОЛОНТЁРЛЫҚ ҲӘРЕКЕТИ ..... 14

6. ҚЫЗЫЛ ЯРЫМ АЙ ЖӘМИЙЕТИ ҲӘМ ОНЫҢ ТАРИЙХЫ ........ 17

7. ЕЛИМИЗДЕ МӘМЛЕКЕТЛИК ЕМЕС КОММЕРЦИЯЛЫҚ ЕМЕС ШӨЛКЕМЛЕР ҲӘМ ЖОЙБАР НӘТИЙЖЕЛЕРИ ........ 20

8. ӨЗБЕКИСТАН ҚЫЗЫЛ ЯРЫМ АЙ ЖӘМИЙЕТИ НӨКИС ҚАЛАЛЫҚ БӨЛИМИНИҢ ВОЛОНТЁРЛЫҚ ҲӘРЕКЕТИ, ЎАЗЫЙПАСЫ ҲӘМ МИННЕТИ ........ 23

9. БАСҚАЛАРҒА ХЫЗМЕТ ЕТИЎ ИНСАНЫЙЛЫҚ ПАЗЫЙЛЕТ ....... 27

10. КЕЎИЛЛИЛЕРГЕ ҚОЙЫЛАТУҒЫН ТАЛАПЛАР ........ 27

11. ВОЛОНТЁР ҲУҚЫҚЛАРЫ ........ 28

ЖУЎМАҚ ........ 29

ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ........ 30




Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so

**Алламбергенов Аймурза Жолдасбаевич**

# ЖӘМИЙЕТЛИК БЕЛСЕНДИЛИКТИ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДА ВОЛОНТЁРЛЫҚ ҲӘРЕКЕТИНИҢ РОЛИ

*Қарақалпақ тилинде*
*«Qaraqalpaqtan» баспасы*
*Нөкис —2016*

Редактор *Базаргүл Зиварова*
Оператор *Ербол Альжанов*

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 29.03.2016.
Қағаз форматы 60х84 1/16. Офсет усылында басылды.
Гарнитурасы — «Times». Көлеми 2,0 б/т. 1,86 шәртли б/т.,
2,38 есап б/т. Жәми 120 нусқада. Баҳасы шәртнама бойынша.
Буйыртпа №21

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен
баспа хызмети менен шуғылланыў ушын 2008-жыл
30-сентябрьде **Al №114 лицензиясы** берилген.

«Qaraqalpaqstan» баспасы: 230100,
Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9-жай.

«Qaraqalpaqstan» баспасында басылды

Created with Print2PDF. To remove this line, buy a license at: http://www.so